ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИIЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№167-168 (22.826) ●2014 гъэм шыщхьэуIум (август)и и 23, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сом 15-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

## ЗэфIагъэкIар къепщытэ, пщэрылъхэр ящещI

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий шыщхьэуIум и 21-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыхэплъащ «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэуцум и республикэ Iыхьэм и щытыкIэр гущIэгъуэ мардэхэм къиГэтIэсэным, абы декIуэкI псэуалъэхэр. IуэхутхьэбзэщIапIэхэр зыхуей хуэгъэзэным хуэунэтIауэ зэфIэгъэкIа хъуахэм.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынци, мы гъэм мэлыжьхьым и 2-м абы зэхишауэ щыта зэхьыхьэм лъэныкъуэ псори къыхэщIыбыдзу щызэпкърихат Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэхэмрэ жылагъуэхэмрэ кьабзаГъэр къыщыдзэгъэпэщыным и Iуэхум щызэтрихьа ныкъусаныгъэ инхэр. Абы щыгъуэ КIуэкIуэ Юрий екьэкI зиныкъуэ щыIыгъэщат муниципальнэ щIыналъэхэм я санитар-экологие щытыкIэр узыгъэгузавэ зэрыхъуар, дыкъэзыухъуреихь дунейр зэрауцIэпIым дызыхуиунэнкIэ хъунур, а псом пхуэмыГъэзэкIуэжыну хэщIыныгъэ къызэрихьынур дэтхэнэ зыми зьэкъуэ ябгьыкIи зэрыхуейр икIи пIалъэ пыуухьIам къуриубыдзу икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэу къиЛытэхэр игъэбеледжылат.

Абы лъандэрэ блэкIа зэманым зыхунэсахэр зи чэзу зэIущIэм щызэхалъхьэжащ. Нобэ ирихьэлIэу гъэгухэм щызэфIагъэкIахэм теуха видеофильмыр ягъэлъэгъуа нэужь, транспортымрэ гъэзгу хозяйствэмкIэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Къудей Арсен зэпкърихащ Iыхьи 187-уэ зэхэт планым щыубзыхуа Iуэхугъуэхэр гъэзэщIа зэрыхъур. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, накъыгъэ кIуам «Кавказ» Р-217 федеральнэ автомобиль гъэгум ныкъусаныгъэу 180-рэ къыщахутати, процент 70-м щигъур ягъэзэкIужащ.

- Иужьрей мазищым едгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр зыхуэдэр правительствэ комиссэм тIэунейрэ кьипщытащ. Ахэр планым тету къызыдогъэпэщ. Кьапщтэмэ, хабзэм кьемызэгъуэ гъэзгубгъуэм щагъэува рекламэхэр зысIадзэ гъущI пкъыгъуэ зэрыныгъуу 137-рэ Iуедгъэхащ, гъэс зэпрыкIыпIэу метр 775-рэ щхьэхуэу кьахуэхьащ, гъэзгу Iуфэхэр ягъэкъэбзащ, жыг екIуэкIхэм я япэ сатырхэм сэху иратащ, пхъздакъэхэр кьэхахащ, федеральнэ гъэзгум иубыд километр 109-м удзыр щыпаупщIащ, къыхэзыгъэщхьэхукI дамыгъэу километр 327-рэ кьагъэщIэрэщIэжащ, дагъэ гъэсыныпхъэ игъэхъуапIэхэр зэIуэпэщ ящIащ, - къигъэлъэгъуащ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм. - Гъэзгу бэлътIэлъм хэкIуэдахэм я фэеплъ сынхэр Iуедгъэхьыжьи щхьэкIэ, абыхэм я Iыхьлыхьэм депсэлъащ, дин Iуэхущ Iапl эхэм я Iыкlуэхэр щIегъэжьуэн къэтщIащ. Гъэзгубгу сату щIыпIэхэм я Iуэхум хабзэ хэлъхьэнми хэкъуэзуэ долэжь. Промышленностымрэ сатумкIэ, Хуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ министерствэхэр, муниципальнэ районхэм я щIыпIэ администрацэхэр зэщIыгъуу абы хэкIыпIэ езэгъырабгъу къыхуальыхьуэ. Планым щыубзыхуа Iуэхугъуи 187-м щыщу 140-р зэфIэкIащ щыщхьэуIум и 13-м ирихьэлIэу. Ар къытпэщытым и процент 74,9-рэ мэхъу.

А лэжьыгъэхэр куейм зэрыщекIуэкIам Къудей Арсен зэщхьэщыхауэ къытеувыIащ, щIыпIэхэм щызэфIагъэкIахэр игъэбеледжылащ, зыхунэмысахэр, зыхуэзэ гугъуехьхэр игъэнэIуащ. Прохладнэ - Бахъсэн - Азау, Аруан - Уштулу автомобиль гъэзгуэр зыхуей хуэгъэзэным сом мелуан 420-рэ, сом мелуан 200 хухахьыщ.

- Мы Iуэхур зи пщэрылъхэм куэд зэфIагъэкIами, емыгугъуэр, яхь жэуапыр нэгъэсауэ зыхэзымыщIэхэр щыIэщ. Къэтщтэнщ Дзэлыкъуэ, Лэскэн районхэр. Ягъ эщыщыпхъэхэм гульытэ щыхуащIыркъым, къыздрыгэкIыу нэм кьыIуидзэр кьащIыфIэIуэхукъым. Ар ихуэздэнукъым, еэзщамэ, я кьалэныим пэмыпъэщмэ, щхьэхуэщи, унафэ кьахуэгъуэтыпхъэщ. Мыдэкlэ нэхъыбэу дызыгъэпIейтейхэм ящыщщ Тамбукэан гуэлым блэкI автомобиль гъэзгум и щытыкIэр. Псыр кьобгъэрыкIуэрэ, ущызекIуэну шынагъэщ. И нэпкъыр икIэщIыпIэкIэ гъэбыдэн хуейщ. Абы кьыпэзыкIыхь гъэзгур 2017 гъэм кьызэIуэхьну я мурадщ, ауэ а пIалъэр кьэсхьу щIэщхьу кьэхъуным хуэIуа щыIэкъым, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий. - Прогресс поселкэр Ставрополь крайм хохьэ. Абы и гъэзгубгъу сату щIыпIэхэм хабзэ хэлъхьэн хуейщ. Ахэр фаджэщ, фIейщ, пхъэнкIийхэмрэ кIэрыхубжьэрыхухэмрэ щIагъэнащ. А псом я фэ республикэм къытоуэ. Псалъэмакъым Iыпыкlауэ, абы хуэфащэ унафэ тещIыхьыпхъэщ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

## КIуэкIуэ Юрий судыщIэхэм яхуозэ

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэхэм яхуэзащ иджыблагъэ.**

ЗЭIУЩIэМ щытепсэлъэныкъэ суд Iэнатlэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ ятэ игъэщIихъэ Iуэхухэм. Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщ Геляхов Абдулыхь тепсэлъыхьащ республикэм и суд властым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныкIэ хэкIыпIэхэм. Кьапэщыт кьалэнхэмрэ ахэр зэрыдзкIын хуейуэ кьалъытэхэмрэ кьагъэлъэгъуащ Конституцэ Судым и Унафэщым и къуэдзэ Чэт Ю. М., судыщIэхэу Адамов Г. Н., Мысрокъуэ З. Хь. сымэ.

Суд Iэнатlэм зэман благъэм къриубыдэу щыIэфIэгъэкIын хуей Iуэхуэхэр зыхуэфащэ Iэщ Iагъэпхъэн я гъэхъэзырынурэ къыхалъхьэнущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.*

## Псывэм иса сабийм Новгород Ищхъэрэм и дохутырхэр къеIэзэнущ

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий къыздригъэпэщри, Новгород Ищхъэрэм и клиникэ нэхъыфIхэм ящыщ зым иригъэщащ псы кьавэм хэхуэу фэбжьыщхуэ зыгъуэта. Прохладнэ районым хыхьэ Алтуд къуажэм щыщ илъэсищ зи ныбжь сабийр. КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Шэт Ирмэ зэрыжиIамкIэ, а клиникэр псывэм, мафIэм исахэр щагъэхъуж Iуэхущ Iапl э нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ.**

МИНИСТРЫМ кьигъэлъэгъащ апхуэдэ сымаджэхэм кьыщагъаз зэманыр махуи 5-7-м кьыздрыриубыдэр. Абы иужькIэщ сабийм и Iуэхур зэрыхъунур теубыдауэ щыпхужьыIэнур.

*КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.*

# «Дикая дивизия» мотоцикл зекIуэм хэтхэр Налшык къэсащ

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Iущ Iащ «Жэщ дыгъужьхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Залдостанов Александр.**

ЦЫЗЭПСАЛЪЭМ, дуней псом щыщIэрыIуэ мотоклубым и унафэщым и гугъу ищIащ «Дикая дивизия» зыфIащa зекIуэм и мурадхэмрэ я кьалэнхэмрэ. КIуэкIуэ Юрий абыхэм я жэрдэмыр ядиыгъри, кьыхигъэщащ Урысейм и лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэным Залдостанов Александр хэлъхьэныгъэшхэр зэрыхуищIыр: «Дэ псом уэрытIыхуэр хэкупсэ нэсу, къэралым и цIыху пэжу уэрэрыщытымкIэщ. Кавказ шууей дивизэр къызэрагъэпэщауэ зэрыщытам тевуха фи зекIуэр иджыри зэ щыхьэт тохъуэ, илъэсищэ и пэкIи хуэдэу, Урысеймрэ Кавказымрэ ноби зэрызэкъуэтым».

Мотоцикл зекIуэм хэтщ цIыхуищэм нэблагъэ. Аxэр кIуэнущ Кавказ Ищхъэрэм и республикэ псоми я къалащхьэкм. Налшык къалэм и хьэщIэхэр ирихьэлIащ «Дикая дивизия», «Жэщ дыгъужьхэр» выставкэр къыщызэIуахым, апхуэдэуи «Хъуэпсапlэхэр нахуапlэ мэхъу» псапащIэ акцэм хэтащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.*

# Щыхьэр цIэм хуэфащэн папщIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий шыщхьэуIум и 22-м ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, къалэ зыгъэпсэхупIэ хадэхэм я унафэщI Хочуев Алий, къалэ администрацэм и архитектор нэхъыщхьэ КхъуэIуфэ Иринэ сымэ, нэгъуэщIхэри.**

САБИЙ зыгъэпсэхупIэхэмрэ абыхэм ит хъыринэхэмрэ я Iуэху зытетым КIуэкIуэм нэIуасэ зыхуищIа иужь, языныкъуэхэм арэзы къызэрамыщIым къытеувыIащ.

- Сабийхэм я узыншагъэмрэ гъащIэмрэ хуабжьу дахуэсакъым, набдзэгубдзапlъэу дахущытын хуейщ, а Iуэхур Iэпэдэгъэлэл тщIыныр Iэмал зимыIэщ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэм.

КъыкIэлъыкIуэу, Налшык къалэ округым дэт зыгъэпсэхупIэ хадэхэмрэ абы щедза щIы Iыхьэхэмрэ зэрызрагъэужьыну я мурадымрэ абы щIэуэ хальхьэнымрэ теухуауэ Хочуев Алий къэпсэлъащ. Абы зэрыжиIамкIэ, Налшык и Iэгъуэблагъэхэм щыIэ гуэлхэм я Iуфэхэр дахуэ къращIыкIыну, ди республикэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэр щагъэльагъуэ пщIантIэ щIыкIухэр яухуэну, Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрэмым щегъэжьауэ Хьэсэней лъэмыжым нэсыху щIыпIэ 18 ягъэщIэрэщIэну, удз гъэтIахэр екIуу ягъэтIысыну я мурадщ.

- Ухуэныгъэхэр дахэрэ зэкIужу щытын хуейщ. ТщIэр щIэтщIэр цIыхуэраци, абыхэм я гупсыс къагъэльагъуэу, бгъэдыхьэкIэщIэ къыхалъхьэми ягъэ кIынкъым. Ди къалэр дахэщ, екIуу, ар ди республикэрыгъэсхэм кьищынэмыщIауэ, хамэ щIыпIэ щыпсэухэми фIыуэ яльагъури, ари къэдвгъэльытэ. Зегъэужьын хуейуэ щIыпIэ куэд диIэщ, апхуэдэу етIуанэ лъэмыж хъыринэр зэфIэгъэувэжыныр игъэуэ къызолъытэ. Сэ нэгъуэщI къэралхэм сыщыIащ, сыщыхьэщащи, ди щIыналъэм хуэдэу дахэ куэд зэрыщамыIэр - сыкъымыкIуэту схуэмыIэнущ. Фэрэ дэрэ ди кьалэн нэхъыщхьэр а дахагъэр дымыгъэкIуэщIу едгъэфIэкIуэныкъ. Зэманым декIуу дыбэкъуэн, гъащIэм дахагъэ къыхьхьэмэ, зыхэтлъхьэн хуейщ. Си щхьэкIэ сыхьэзырыр фи Iуэху еплъыкIэм седэIуэну, - захуигъэзащ КIуэкIуэм къызэхуэсахэм.

А щIыкIэм тету КIуэкIуэ Юрий зыгъэпсэхупIэр егъэфIэкIуэныр зи щэнрыльхэм я проектэр къызыхуэтынщэу, зэгурыIуауэ ягъэхьэзырыну дыгъэгъазэм и 15 хъуху пIалъэу яритащ.

Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд Налшык и Къэбэрдей уэрамым и лъэсырыкIуэ гъуэгуэр зэрахуэум, мы зэманкIэ зэфIагъэкIамрэ кьапэщIылъхэмрэ къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ. Абы зэрыжиIамкIэ, уэрамым псы, газ зрикIуэну бжьамийхэр, электрокъару кIапсэхэр щIы щIагъым щIэлъхьэн яухащ. Къуэдзокъуэм и гугъу ищIащ Къэбэрдей уэрамым икIыу Лениным и уэрамым кIуэ щIы щIагъ зэпрыкIыпIэ зэращIынум, кьат зыбжанэу зэтет машинэгъэувыпIэхэр, тыкуэнхэр зэрахуэнум, нэгъуэщIхэми. КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр проектым набдзэгубдзапlъэу хэпlъа иужь, щIы нэпI къамыгъанэу, яIэр зэгъэзэхуауэ къагъэсэбэпыну яжриIащ.

- Сыт дэжьми ди щIыналъэмрэ ди цIыхухэмрэ яфI къыхэкIын хуейуэ къызолъытэри, фымыщхэхыу фыдажьэ, - жиIащ КIуэкIуэм.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# Хьэцэпэцэр Iухыжащ

● Гъавэ-2014

**КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэрибжамкIэ, мы гъэм хьэцэпэцэмрэ джэшхэкIхэмрэ гектар мин 80-м нэблагъэм щагъэкIащ. Абы щыщу процент 60-р бжьыхьэсэ гуэдзу, процент 20-р бжьыхьэсэ хьэуэ, адрей процент 20-р кьинэмыщI хьэцэпэцэ, джэшхэкI кьэкIыгъэу щытащ.**

МЫ ГъЭМ а псоми ику иту гектар кьэс центнер 30 хуэдиз кьытрахащ икIи хьэцэпэцэрэ джэшхэкIыу тонн мин 230-м щIигъу кьрахьэлIэжащ. Ар нэгъабэ нэхъ ра зыбжанэкIэ нэхъыбэщ.

Районым и тафэтес республикэхэм гъавапхъэу ягъэкIа нартыхур кьыдачыжу щIадзащ. А кьэкIыгъэри гектар мини 128-м, нэгъабэ елъытауэ процент 5-кIэ нэхъыбэм, щызэрахащ.

Дэнэ щIыпIи хадэхэкIыр, кIэртIофыр, языныкъуэ пхъэщхьэмыщхьэхэр кьыщрахьэлIэж. Аxэри нэгъабэ елъытауэ нэхъ бэгъуащ, жылапхъэ нэхъыбIхэр кьызэрагъэсэбэпам, дэтхэнэ зы лэжьыгъэри и зэманым зэрызэфIагъэкIам кьыхэкIыу.

**САМЧЕНКЭ Светланэ.**
*КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.*

■ ЗэIущIэхэр ■ ДифI догъэтIапIэ
КЪЭБЭРДЕЙ
■ ТВ, радио нэтынхэр ■ Малъхьэдис

## Мы махуэхэм

**Шыщхьэуiум и 23, щэбэт**

♦ЦIыхухкIэ сату щIыным и хьэзабэр зыгъэвахэр, а хабзэр щагъэкIуэдыжым хэкIуэдахэр ягу кьыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ.

♦Сталинизмэмрэ лъэпкъ зэхэгъэж щIынымрэ гугъу иригъэхьахэм я европэпсо фэеплъ махуэщ.

♦1382 гъэм Урысейм топгъауэ дзэхэр кьыщIэзрагъэпэщащ. Аxэр япэу кьагъэсэбэпащ Тохьутэмыщ хьаныр Мэзкуу щытеуам щыгъуэ.

♦1939 гъэм Москва Iэ щыщIадзауэ щытащ Германиемрэ СССР-мрэ зыр адрейм темыуэным теухуауэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм. «Молотовым-рэ Риббентропрэ я пакт» щIэр иIэу тхыдэм хыхьащ ар.

♦1943 гъэм СССР-м и Дзэ Пльыжьым Курск и деж нэмыцI-фашистыдзэр щызэтрикъутащ.

♦1944 гъэм Псковскэ областыр кьызэрагъэпэщащ.

♦1944 гъэм Харьков нэмыцI фашистхэм кьыIэщIагъэкIыжащ.

♦1992 гъэм ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер кьызэрагъэпэщащ.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Шортэн Даниткэ** кьызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦ПшынауI Iэзэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и гуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэпащ Iэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

**Шыщхьэуiум и 23, щэбэт**

### Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 -28-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуiум и 24, тхьэмахуэ**

♦Абхъаз Республикэм щекIуэкIынущ зи мынэзу президент зэхьыныгъэхэр

♦Ди эрэм и 79-нэ гъэм Везувий вулканыр кьрихуащ. Абы зэтрикъутащ Помпей, Геркуланум кьалэхэр.

♦1830 гъэм дунейм екьжащ Къэбэрдей пщы уэлий хахуэ **Жанхъуэт Кушыкъ**.

♦1943 гъэм **Кьардэн Кьубатий** Совет Союзым и ЛIыхьжь цIэр кьыфIащащ.

♦1949 гъэм кьару игъуэтащ НАТО зэгухьэныгъэр кьызэрэзэпэщыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦Адыгей усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Кьумпыл Кьадырбэч** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

### Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуiум и 25, блыщхьэ**

♦1609 гъэм Италием щыщ астроном Галилей Галилео Венецием щыщ сатущIэхэм яригъэлъэгъуащ езым кьигупсису зэпхърилъхьа микроскопыр.

♦1906 гъэм Урысейм и Министрэм я Советым и унафэщI **Столыпин Пётр** яукIыну хэтащ.

♦1944 гъэм франджы цIыхубэр кьызэрылэтри, я къалащхьэ Париж нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм кьыIэщIагъэкIыжащ.

♦Рюриковичхэ ящыщ япэ урыс пащтыхь, адыгэ мазаухъэ **Иван IV Грозныр** кьызэралъхурэ илъэс 484-рэ ирокъу.

♦Нейрохирург, медициндж щIэныгъэхэм я доктор **Семэн Жаннэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Тележурналист, публицист, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщI **Къэзанш Людмилэ** кьыщалъхуа махуэщ.

### Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 33-рэ, жэщым градус 23 - 26-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Губгъуэм ущымыкъэрабгъэ, унэм ущымыIыхъужь.**

## Ди къуэш республикэхэм

**Спортым - сом мелуан 33-м щIигъу**

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и къуажэ школхэм спорт пэщхэр кьыщызэгъэпэщыжыным сом мелуан 33-м щIигъу хуаутIыпщащ. Ари кърикIуащ жылагъуэхэм дэт еджапIэхэм я спорт залхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ 2014 гъэм лэжьэн щIэзыдза «Сабий спорт» проектым, «Урысей эскъуэтэ» политпартым къыхилъхьам.**

КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ Урысей Федерацэм и Къарал Думэм хэт «Урысей эскъуэтэ» фракцэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Булаев Николайрэ мы гъэм и щIышлэм щызэIущIам а IуэхугъуэмкIэ зэгурыIуат.

ЗэкIэ ягъэбеледжылам хохьэ спорт зал 23-рэ зэгъэпэщыжынымрэ, спорт клуби 3 къызэгъэпэщынымрэ, ути 4 ухуэнымрэ.

**Серов Александр и концерт**

АБХЪАЗ. **Урысейм и цIыхубэ артист Серов Александр и концерт щыщхьэуIум и 29-м пщыхьэщхьэм Сыхъум къалэм дэт Абхъаз къэрал филармонием щекIуэкIынущ. «Урысей-Абхъаз» щэнхабзэ Iуэхухэм хнубыдау ар къызэрагъэпэщащ Абхъазымрэ Урысеймрэ ЩIэнхабзэмкIэ я министерствэхэм.**

Урысейм Абхъазыр къэрал щхьэхуиту къызэрилъытам теуха махуэр щагъэлъапIэкIэ, хабзэ хъуауэ, уэрэджэIакIуэ цIэрыIуэхэр кьрагъэблагъэ. ИльэсипIым кьриубыдэу Сыхъум щыщIэхьэуIум и кIэм концерт щатащ Зарэ, Долинэ Ларисэ, Носков Николай, Лещенкэ Лев сымэ. Иджы чэзыр къыльысащ Серов Александр.

**УЭРДОКъУЭ Женя.**

# ЗэфIагъэкIар къепщытэ, пщэрылъхэр ящещI

***(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).***

КIуэкIуэ Юрий къигъэлъэгъуащ «Кавказ» федеральнэ гъэзыр къызэрагъэсэбэп, зэрызэрахьэ я лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъыфIыц къызэралытэр ди дежкIэ зэрыгуапэр, ди пщIэр зэрилэтыр, ауэ лэжьыгъэр зы мащIэкIи кIагъэтIасхъэ зэрымыхъунур, яубзыхуэ псори ди дызыхуэкIуэ дыгъэбазэм и 10-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIын зэрыхуейр.

КъыкIэлъыкIуэу муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм пщэрылъ ящищащ гъэ еджэгъуэщIэм жыджэру зыхуагъэхьэзырыну, тхылъхэмкIэ сабийжэр и чэзум къызэрагъэпэщыну, а Iухэм хухаха сом мелуан 55-р тэмэму къагъэсэбэпыну.

- Налшык, Прохладнэ къалэхэм, Нарткъалэ, Дзэлыкъуэ, Шэджэм, Тэрч районхэм щаухуэ сабий гъэсапIэхэр фокIадэм и 1-м ятыныр Iэмалыншэкъым, я фIагъым фегугъу, школ щIэтIысхьэжыгъуэм жэуаплныигъэ фхэлъу фыбгъэдыхьэ, ЩIэныгъэм и махуэр нэгузыужьу зэреГъэкIуэкIынум фегупсыс. ТекIуэныгъэм и махуэ лъапIэр илъэс 70 ирикъунущ. Абы хуэфащуэ зыхуэдгъэхьэзырын, ветеранхэр сыт и лъэныкъуэкIи дгъэгушхуэн хуейщи, фымыбзэлэрыгъ, нобэ щыщIэдзауэ лэжьыпхъэ къэзмыгъанэ, - кIыхьигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

Апхуэдэу ар щIэупщIащ Щэнхабзэм и илъэсым къриубыдэу я мурадхэм. Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ министр Тутыкъу Анзор зэрыжиIамкIэ, зэрагъэпэщыж объект нэхъыщхьэхэр мыгувэу хьэзыр хъунущ. Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр фокIадэм и 8-м, МузыкэмкIэ театрыр фокIадэм и 25-м, «Налшык» курортым ЩэнхабзэмкIэ и унэр жэпуэгъуэм и 8-м къызэIуахыжынущ.

КIуэкIуэ Юрий зэщхьэщыхауэ къыптеувыIащ къуажэ клубхэр, ЩэнхабзэмкIэ унэхэр «къэгъэпсэужыным», фельдшер-акушер пунктхэр ухуэным, бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIыпхъэхэм, республикэм и Парламент хэхыныгъэхэр зэIуахуэ, шынагъуэншэу, захуагъэ хэлъу къызэрагъэпэщын папщIэ, нэхъыщхьэу къапэщытхэм.

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIа зэIущIэм хэтащ республикэм и япэ вице-премьер Улнаев Казым, министр щхьэхуэхэр, къалэ, районхэр, къуажэ администрацIэхэм, ГИБДД-м и къудамэхэм я унафэщIхэр, «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэзэгухэм я управленэ» ФКУ-м и инженер нэхъыщхьэ Ястребов Анатолэ, Ставрополь краим и Киров муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацIэм и Iэтащхьэм и къудзэ Горобец Еленэ, ирагъэблагъэ къулыкъущIэхэр.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

● КъБР-м и прокуратурэм

# Тэмэму зыхуагъэхьэзыр

**КъБР-м и прокурорым и япэ къуэдзэ Жекеев Алик иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыIэпкърахащ граждан, арбитраж Iэухуэр щыIэхагъэкI судхэм прокурорхэр хэтыныр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ япэ мазихым зэфIагъэкIа.**

КЪАПЩТЭМЭ, граждан Iэхуу 2142-м щыхэплъа суд зэмылIэужьыгъуэхэм къалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэм тэмэму зыхуагъэхьэзыращ. Абыхэм къыщащта унафэ псори прокурорхэм къагъуэвахэм йоззгъ.

Сом мелуан 33,6-м щIигу зыхуэзэ искрэ тхылъу (заявленэу) 3714-рэ судхэм иратати, 2821-м арэзы щытехъуащ, унафэ трамыщIыхь щIыкIэ зэрагъэзэкIуэжам кIыхьэкIыу, сом мелуан 14,9-м пэкIуэ Iэхуу 1534-рэ къызэтрагъэувыIащ.

Прокурорхэм судхэм ягъэхьа искхэм я нэхъыбэр - 3541-р - щIыхуэхэм я сэбэп зыхэлъхэр, 2332-р лэжьыгъэмкIэ я хуитныгъэхэр, 924-р - балигъ мыхъуахэм я правахэр, 58-р - псэупIэмкIэ я хуитныгъэхэр, 171-р Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, муниципальнэ щIыналъэхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным ятеухуащ.

Арбитраж судым иск тхылъу 51-рэ иратати, 36-м хуэфащэ унафэ кIыхуагъэтащ. Ахэр ехьэлIат Iэнатlэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ административнэ жэуапым ешэлIэным.

Илъэс ныкъуэм зэфIагъэкIахэм зэIущIэм арэзы щытехъуащ, етIуанэ мазихым къапэщыт къалэнхэр щагъэбелджылащ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.***

● Энергетикэ

# ЩIэщхъу къэмыхъун щхьэкIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм токыр тезыгуашэ компаниэм, Шэджэм РОВД-м балигъ мыхъуахэм я IуэхуэмкIэ и къудамэм, куейм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм я лэжьакIуэхэр зыхэта зэIущIэм щыIэпкърахащ цIыхуэхэр, псом япэу сабийжэр, энергетикэм и объектхэм щыхъумэным теухуауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр.**

- ЗЭРЫХАМЫЩIЫКIЫМ, зэрыриджагум, нэхъыкIэращи, балигъэм къаазэрыфIэмыIуэхум къыхэкIыу сабийжэр токым пэщIэхэмкIэ хъунущ. Дэ ди къалэнщ электроIэмэсымэхэм, приборхэм пылъ щынагъэр ягурыдгъэIуэну, электроэнергетикэм пщыIэу зыхуэсакъыпхъэхэм балигъэхэр ныбжьыщIэхэри хэдгъэгуэззену, - къигъэльэгъащ «Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» ОАО-м и щIыналъэ къудамэм щытыкIэм кIэлъыплъыныбжь лэжьыгъэр хъумэныжмкIэ и Iэнатlэм и инженер нэхъыжь Василенко Мариндж.

А компаниэм и куей Iэхуущ1апIэхэм мы гъэм къриубыдэу токым зэрызыщахъумапхъэм теухуа дерс 23-рэ къызэрагъэпэщащ, трансформатор подстанцу 133-рэ къапщытащ, евгапIэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ хуэзэ волытышхэу зыIыгъ кIапсэу километр зыбжанэм кIэлъыплъащ. Апхуэдэу электроIэмэсымэхэр, установкэхэр зэрахъумэм, хамэ имыхьэн щхьэкIэ щIыпIэхэр къызэрыухьар егугуу щапщытыкIащ. Трансформатор пункт щхьэхуэхэм я бжэхэр зэрагъэпэщыжащ, гъэбыдапIэхэр хагъэуващ.

КЪБР-м щыIэ МВД-м и Шэджэм район къудамэм балигъ мыхъуахэм я IэхухэмкIэ и хэщIапIэм и унафэщI Ахкобековэ Залинэ зэрыжиIамкIэ, жылагъуэм демыкIу унагъуэу 24-рэ я учётым щытщ. Хабзэхъумэ Iэнатlэм и лIыкIуэм къыхилъхьащ электросетым и Iэщ1агъэлIэмрэ абыхэм ядэлажьэ комиссэм щыщхэмрэ апхуэдэ унагъуэхэм зэщIыгъуу ялъыгуаззэурэ, я бынхэр токым зэрызыщIахъумэ хабзэхэм хурагъаджэну. Зэ1уущIэм къыщыхьащащ школхэм, сабийсапIэхэм я хэщIапIэхэм щагъуэва электроIэмэсымэхэм я лэжьэкIэм зэуIуу кIэлъыплъынзэрыхуейр. ИкIи Шэджэмрайонадминистрацэм лъэныкъэ зыхуагъэзащ абы и лъэныкъуэкIэ еджапIэхэмрэ электросетхэмрэ я пщэрылъхэр зыгъэбелджылыну тхылъ хэха игъэхьэзырыну. Апхуэдэ щIыпIэхэр щIыкIуэхэм куэдрэ джэгупIэ зэращIым къыхэкIыу, еджапIэхэм щысфIэдза видеоIэмэпсымэхэр я гъэнэгу тох гуэшыпIэхэм зэрытрагъэпсэпхьыну Iэмал къагъэтыну куейм егъэджэныгъэмкIэ и Iэхуущ1апIэм и уна_фащIым елъэIунущ.

**КЪЫЛЫШБИЙ Къазбэч.**

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

# Унагъуэ 24-рэ фэтэрыщIэхэм щIагъэтIысхьэж

**«2013 - 2014 гъэхэм Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым хыхьэ Тырныауз къалэм къат куэду зэтемыт псэупIэу щахуэр нэхъыбэ ящIыну къаазэрыпэщытыр къэлъытауэ, унэ кхъаxэхэм щIэсхэр гъэIэпхъуэныр» муниципальнэ программэм ипкъ иткIэ Мусукаевым и щIэр зезыхьэ уэрамым фэтэр куэд хуэ унэщIэ хьэзыр щащIащ.**

АР ЩАУХУАЩ жьы дыдэ зэрыхъуам къыхэкIыу Iуаха унэр зэрыта щIапIэм. Районымрэ къалэмрэ я администрацIэхэм я Iэтащхьэхэр къызэрихьэлIа гуфIэгъэуэ дауэдапщэм зэрыхуфащэ документхэр щратри фэтэрыщIэхэм щIагъэтIысхьэжащ унагъуэ 24-рэ.

Дэтхэнэ фэтэрри щхьэхуэу къагъэлъэ, абыхэм энергиер къызэрабж Iэмэсымэхэр щIэтщ, бжэ-щхьэгъубжэхэр иджыпят материалхэм къызэщIыкIащ. Мы унэр ухуэным сом мелуан 25-м щIигъу трагъэкIуэдащ.

**ТАРИМ Алисэ.**
*Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.*

● ЗэIущIэхэр

# Мэзхэр мафIэм щахъумэ

**КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIа зэIущIэр теухуат республикэм и мэзхэр мафIэм щыхъумэным теухуауэ ящIэм.**

IУЭХУР зытетым журналистхэр щагъэгъуэзащ УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къудзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Борисов Вячеслав, КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и ДПС къудамэм и унафэщI, подполковник Черкесов Сослан, КъБР-м щыIэ МВД-м полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкIэ, балигъ мыхъуахэм я IуэхуэмкIэ и къудамэм и унафэщIым и къудзэ, полицэм и подполковник Ащхъуэт Аслъэн сымэ.

ЗэIущIэм къызэрыщагъэлъэгъуащи, ди республикэм мэз мафIэсхэр къыщыщыхьур зэззэмызэхэщ. Насып диIэщи, абыкIэ шынагъуэ къэзышэ щэдыдпIэхэр ди щIыпIэм щыIэкIым. Иужьрей илъэс 15-м КъБР-м и мэзхэм мафIэс къыщыхьуауэ ятхахьым. Абы и лъэныкъуэкIэ шынагъуэ нэхъ здэщIыгъэ къалъытэ мэзыльхэхэм я проценти 10-р зыхиубыдэр Iуащхьэмахуэ, Шэрэдж куейхэщ.

- Апхуэдэу щытми, дысакъын хуейщи, мэзхэр мафIэм щыхъумэным теухуауэ зэфIэхьыпхъэхэр илъэс къэс доубзыху. Ди нэIэм щIэт мэзым епха къэрал кIэзэнэ Iэхуущ1апIэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр мэз хъумапIэ» къэрал бюджет Iэнатlэм мафIэм пэщIэтынымкIэ, мафIэс къэхъу хъужыкъуэмэ, ар зэрагъэкIыцIыну я техникэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ зэрыльэзырыр къыдопщытэ. Мэкъумэш Iэухуущ1апIэхэм ГъатхэзэгъуэГъавэ къехьэлIэжьын лэжьыгъэхэр мэзым пэгъунэгъуэ щIыхэм щыщрагъэкIуэкIкIэ, мафIэсым зыщыкъымэнымкIэ хабзэхэр ягъэзэщIэным хуэунэтIа Iэухуугъэхэр ядедгъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщущ итырыгъуэхэр, удзыжьхэр апхуэдэ щIыпIэхэм щамыгъэсыныр. Мэзыльхэхэм пэгъунэгъу мэкъумэш губгъуэхэр метри 4 мынэхъ мащIэ и бгъуагъуу паупщIынкIи давыкIынкIыр къэзэдгъэпэщащ, - жиIащ Борисовым.

КъБР-м и къалэ, район щIыпIэ администрацэхэм гулъытэ хуащI мэз лъапэхэм ежьжьыхэр щызэтремыгъэкIутэным, мэзыльхэхэм пхъэнкIийр игъэкъэбзыкIыным.

Борисовым къызэрыхигъащащи, КъБР-м КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъуным, апхуэдэхэр гъэкIуэдыжьынмкIэ и Iэнатlэм (РСЧС) и цIыхухэри Iэмэпсымэхэри сыт щыгъуи хъэзырщ. Мэзхэм кIэлъыплъ цIыху 42-рэ хьу гуп 14, цIыхуи 135-рэ зызэщIэзыубыдэ мафIэсгъэункIыфI гуп 27-рэ къызэрагъэпэщащ. Урысей МЧС-м и Управленэгу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм гъатхэм къэпщытэ мэзхэм пэгъунэгъу жылагъуэхэм, жыг хадзэм, сабийжэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ зыгъэпсэхупIэхэм мафIэм зыщыхъумэныр къызэрыщIэзгъэпэщар.

- Мы Iэхуум теухуауэ цIыхухэм яIуощI, йопсалъэ КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэри. Полицэм и участковэ уполномоченнэхэм мэзыр къэзыгъэсэбэп, мэзхэм пэгъунэгъу щIыхэм телэжьыхь цIыхухэм яхуозэ, сакъыныжрагъэ, мэзым ущыIэмэ, мафIэм зыщыхъумэныкIэ хабзэм тетын зэрыхуейр, ар уэим пщIымэ, административнэ, уголовнэ жэуап къиркIуэнкIэ зэрыхъунум ныбжьыщIэхэр щыдогъэгъуэзэ, - жиIащ псалъэмакъым кIыпIэзыща Ащхъуэт Аслъэн.

Зэ1ущIэм къыщалэта Iэухугъуэхэм хэлъхьэныгъэ хуащI Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэми. Черкесов Сослан къызэрыкIугъащамкIэ, щIыуэпсым хиубыдэ цIыху куэд хэхъ щызэхуэс зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм ГИБДД-м и лэжьакIуэхэр макIуэ икIи рулым дэсхэм мафIэм зыщыхъумэн зэрыхуейр гурагъаIуэ, хабзэр гъэзэщIэным кхъухраджэ, мэзым и мыхьэнэм теухуа тхыгъэхэр хуагъэзи.

Автоинспекторхэмрэ волонтёрхэмрэ езыхэм я щапхъэкIэ ягъэлъэгъащ ди лъахэм и щIыуэпсым зэрыхущытым, ар фIыуэ лъагъун зэрыхуейр. Мы гъэм и мэкъуаугъэгъэм зыгъэпсэхупIэ щIыпIэм хиубыдэ автотранспорт гъэзгум декIуэкI зы километрым щIигу щIыпIэм тхъылъмпIэ, псынщIэу ягъэлъэдащ хъэпшыпхэр трагъэхьэзыкIащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакIуэхэм республикэм и еджапIэхэм мафIэм зыщыхъумэным теухуа видеороликхэр щагъэльэгъуащ, Налшык къалэ и сабий санаторэхэм щыIэхэм епсэлъащ.

Мы Iэхуухэм хэтахэм зэрыжиIэщи, апхуэдэ лэжьыгъэр сэбэп хъунущ республикэм и мэзхэр хъумэнымкIэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● Узыншагъэ

# IэмалыщIэхэр къагъэсэбэп

**КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и республикэ клиникэ сымаджэщым хэт, Лъэнтхуэ узыфэхэм щеIэзэ щIыналъэ центрым инсулт зиIа сымаджэхэм зэреIэзэну, ахэр къызэрызэфIагъэувэжыну IэмалыщIэхэр я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп. Абы къыщыIэзрагъэпэщащ невролог, психолог, логопед, физиотерапевт, нэгъуэщI Iэщ1агъэлIэхэри зыхэт мультидисциплинарнэ гуп.**

- МУЛЬТИДИСЦИПЛИНАРНЭ жиIэмэ, Iэмал зэхуэмыдэу, зыбжанэу зэхэт бгъэдыхьэкIэ къикIыу аращ, - жиIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирмэ. - Инсулт иIэу центрым къаша сымаджэм и щытыкIэр занщIэу къапщытэ иджыпей Iэмэпсымэмкlэ икIи зэуэ Iэщ1агъэлI зыбжанэ ёоплъ. Адэкlэ дохутырхэр зочэнджэщри, сымаджэм зэреIэззэну щыкIэмкIэ унафэ къащтэ. Тромболизисыр, эндоваскулярнэ къэпщытэныгъэр къагъэсэбэпу, гумрэ щхьэ куцIымрэ екIуалIэ лъэнтхуэхэр операцэ ящIыфу зэрызрагъэзам къыкIэлъыкIуэ лъэбакъэу мультидисциплинарнэ Iэмалыр Iэнатlэм и къыздэсыгъэхьащ Лъэнтхуэ узыфэхэмкIэ программэр гъэзащIэным центрыр зэрэхъулIэм и щIыхьэтщ.

Мультидисциплинарнэ гуп я къалэн нэхъыщхьэр ахэр зэдзуэу зэдзлэжььэн зэрыхуейр, ауэ абы щыгъуэми дэтхэнэ зы Iэщ1агъэлIми езым и къалэнхэр иIэжщ. Неврологым сымаджэм и щытыкIэм и хьэлъагъыр къелъытэ, абы и узыншагъэр зэрызэфIуэвэжыр и нэIэм щIэтщ, зэреIэззэну щыкIэр къыхэх. Узыншагъэр зэрызэфIа_гъэувэж физкультурэмкIэ Iэщ1агъэлIым сымаджэм и Iэпкълъэпкъыр зэриГъэхъеину щыкIэм езыри и Iыхьлъхэри хуегъасэ. Психологым и къалэнщ а узым ныкъуэдыкъуагъэ къыхуэхэкIынкIэ зэрыхъунум сымаджэр хуигъэзэжыну. Логопедым псэлъэкIэр зэтрегъэувэж, апхуэдэу къурмэкъейм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэми кIэлъоплъ. Iэщ1агъэлIхэм я къалэнщ инсулт зиIа цIыхур гъащIэм нэхъ тыншу зэрыхэзэгъэжыным хуэгъэхьэзырауэ сымаджэщым къыщIагъэкIыжыну.

***КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.***

● Май щIыналъэ

# Хадэхэкlыр кърахьэлIэ

**Мы гъэм Май районым и «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым и закъуэ хадэхэкIыр гектар 30-м щыхисащ. Абы щыщу гектари 6-р нащэщ, апхуэдизэ дыдэ помидори яIэщ. Адрей хэзнам къащагъэкIащ къэб, хъарбыз, къэбыстэ, нащэгъэрIэIу удз.**

ИУЖЬРЕЙР Май щIыналъэм и консерв заводхэм я мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIыурэ ящэху. Къапщтэмэ, мы махуэхэм кIрачар Шэджэм дэт консерв заводым ящащ.

Хадэхэкl бригадэм и унафэщI Мартынов Вячеслав щIгъуазэ дыззрищIамкIэ, иужьрей илъэсхэм «Ленинцы» СХПК-р езыр и хадэхэкIэм йолэжьыж икIи фIэIуIгъэу игъэхьэзырыр адрей ерыскъыхэкIэм я процент 20-40-м нызэрохьэс.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Фэеплъ

# ФIы щIэным къыхуалъхуат

**Зи дуней тетыкIэкIэ, зи Iуэхущ1афэ дахэкIэ щытхъу къэзылэжьхэр пщIэ лей лъыхъуэркъым. Мис абыхэм ящыщт Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуа, щапIа, зи сабиитыуэр Хэку зауэшхуэмрэ къыкIэлъыкIуэ илъэс къэлъэхэмрэ хиубыда. зи Iэщ1ф псор я жьлэм щIыззэхт колхозым езыпхэ Бэч Iэбубэ Къамбот и къуэр. Щыныкъуэуи и 23-м илъэсищ ирокъу ар къыззэрытхэмытыжкрэ, ауэ зы махуи ди гум ихурькъым, и фэеплъ нэхур дапщэщи тщIыгъущ.**

IЭБУБЭ и адэшхуэ Хьэбийрэ и анэшхуэ ТIасрэ бынибл - щIалищрэ хъыджэбзиплIрэ зэдаIати, зэшхэр Хэку зауэшхуэм хэкIуадащ. Ахэр игъейурэ, псэуху ТIас и нэпсыр гъущакъым. А псом щIыпIужкIэ, «сабийр къэзылъхуа лъэпкъым ирапIыж», - жаIэри, мазих фIэкIа мыхъуа Iэбубэ анэшхуэм къыхуагъэри, а анэр и дышым ирашыжат. Сыт ищIэнт, и бгыр щIихъуэзри, Iэнатlэ гугъум евэлIащ, унагъуэ ихьа ипхъуэр и щIэгъэкъуэну, щIалэ цIыкIур къигъэтэджащ. ТIас дунейм щехьжам Iэбубэ илъэс 16 ирикъуа къудейт. И закъуэу къэнами, и Iыхьлъхэм нэгъуэщIхэм ирагъэхъуэпсакъым, къуажэ еджапIэр хъарзынэу кърагъэухащ. И пIалъэр къыщысым дзэм дэкIри, щытхъу иIэу илъэсищкIэ къуылкъу щIащIащ, къиГъэззэжа ныужь и хьуэсапIэр зригъэхъуIащ - Бэчэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьэри, зоотехникI Iэщ1агъэр зригъэгъуэтащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэу къуажэм къыщыкIуэжам ирихьэлIэу Iэщ1ыхуэу 1200-м хуэщIа комплексыщхэм хозлъхьэ иригъэхуати, абы и унафэщIу ягъэув. И ныбжькIэ щIалэми, Iэнатlэ гугъум щышынакъым, жэуаплныигъэр зыхищIэу Iэухум яужь ихьэри, кIрагъэза дзыхьыр щIыхь пылъу игъэпэжащ.

Къыдекlуэкl хьэл-цэн дахэм, хабзэ хьэлэмэтым пщIэ лей хуумыщIынкIэ Iэмал иIэтэжьым. ЦIыху Iэдэбт, тэмакъкIыхьт, фэрыщIагъым хуэхейт, псэкIи ныбжьэгъуэкIи къулейт. И акъылыр зытеухуар фIы щIэныратти, хуэныкъуэхэм защIигъакъэрт, нэхъыжьхэм я чэнджэщэгъут, нэхъыщIэхэм я ущикIуэт, пэжым и тельъэт. «Къуажэ ив нэхъыр - къуажэ илI» жезыгъэIазэм ящыщщ ди къуэшыр. КъэщIэгъэныракъэ, а апхуэдизу зэпIэзэрыт, набдзэгубдзапIэтэ, гу зылъымытэ щыIэтэкъым. Куэдым хунэсырт, Iэджи зэфIигъэкIырт, итIани «сешащ, «сужэгъуащ» псалъэхэр къыжьэдэкIыу зэхэпхынутэкъым. Езыр дапщэщи нэIурытт, и гум илъыр, зыхуейр нахуэу, ехьэкI хэмылъу къиIуатэрти, и мурадхэр къыдащтэрт. Iэщ комплексым и лэжьыгъэр щиунэтIа иIэщ 20-ми, иужькIэ колхозым и парт организацэм и секретарь къалэнщ щрихьэкIа гъэхэми къуажэ Iэухуэм жыджэру хэтащ, дэтхэнэ зыри и щхьэм ирильытыу къэгъуэгурыкIуащ. ЩIэныгъэшхуэ бгъэдэлъэт, тхыдэмрэ хабзэмрэ кууэу щыгъуазэт, адыгагъэм тKIийуэ тетт. ГъащIэм и дерс Iущхэр и Iэпэгъуэти, цIыхупсэ къулеигъэм и лъапIэныгъэхэр кьебэкIырт. Апхуэдэущ псыгуэнсудэхэми, зыцIыхуу щытахэми ди къуэшыр ягу къызэринэжар.

Зи дэтхэнэ махуэри Iэхуфи кIэ гъэнщIауэ щыта Iэбубэ и гуащIэ хьэлэлыр пщIэншэ хъуакъым, къэрал дамыгъэрэ фIыщIэ хъыльу куэд кьыхуагъэфэщащ, саугъэтэхэр крагъаащ, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр хуэфащэу зэрихьэрт. Унагъуэ дахэм и тхьэмадэти, и щхьэгъуэу 3оерэ абыхэр зэдаIа хъыджэбзипIлыр гъэсауэ, нэмысыфIэу къызэрыхъуам, гъащIэм зэрыхэзэгъам иригушхуэрт.

ПщIэ лей къимыльыхъуэу, фIы щIэным хуэпабгъэу псэуа ди къуэшым, Бэч Iэбубэ Къамбот и къуэм, и фэеплъ нэхур дапщэщи ди гум илъынщ. Илэжьа псори бгъэуаеу Тхъэм псапэу къритыж!

**БЭЧ Iэниуар.**
*Псыгуэнсу къуажэ*

● Футбол

# «Спартак-Налшыкым» и топхэр ингушхэм дагъэкI

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Анжи-2» (Мэхъэчкъалэ) - 3:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. ЩыщкъэуIуIм и 20-м. ЦIыху 1000 еплъащ.**

Судьяхэр Юдин (Волжский), Шамарэ, Клепцов (тIури Дон Iус Ростов щыщщ).

**«Спартак-Налшык»**: Городовой, Науменкэ, Васильев, Гузь, КIыщ, Митин, Ахриев (Атаев, 70), Бажэ (Балэ, 85), Къуэн 3. (Къуэн А., 46), Гугуев (Беппаев 90+1), Дыщэкl (Гъурф, 46).

**«Анжи-2»**: Джеметов, Магомедов (Джарулаев, 81), Гасанов, Гитинов, Мусалов М., Курбанов (Багомедов, 76), Муслимов (Джамалутдинов, 60), Удунян, Кузьмин, Корголоев (Дибиргаджиев, 66), Мусалов Т.

**Топхэр дагъэкIащ**: Ахриевым, 14 (1:0). Гугуевым, 86 (2:0). Гугуевым, 89 (3:0).

**Дагъуэ къыхуащIащ** Гитиновымрэ Бажэмрэ.

**Джэгум къыхахуащ** Гитиновыр.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2014 - 2015 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ тхьэмахуэ и пэкIэ екIуэкIа пэщIэдзэ зэIущIэм Нэзрэн къалэм щыIэу щIыпIэ «Ангушт»-м къызэрыщыхигъэщIар зэрымыщIэкIэ къэхъуауэ зэрыщытыр псоми наIуэ щащIыну я мураду «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр бэрэжьей кIуам джэгуп1э губгъуэм кьихьащ. Абыхэм я хьэрхуэрэгъуэхри къызэрыгуэкIтэкъым - Мэхъэчкъалэ кьикIа «Анжи-2»-р нэхъапэIуэкIэ Владикавказ и «Алания»-м текIуат.

ЗэрыгурыIуэгъуэщI, ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ пъэщхэмкIэ зэIущIэм къыщIидзащ. ХьэщIэхэр абыхэм зэрапэщIэтыфар зэман кIэщIкIащ. ЕпщыкlуплIанэ дакъикъэм Гугуев Магомед ижьырабгъумкIэ кIуэцIрыкIри топыр апхуэдизу IэкIуэлъакIуэу къитати, Ахриев Хьэсэн къыхуэнэжар ар гъуэм дигъэкIынырщ.

Псынщ1эу япэ зэрищам налшыкдэсхэр аргуэру игъэбэлэрыгъащ. Абыхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр нэхъ кIащхъэ къэхъуащ икIи «Анжи-2»-м зыкъыщIэжыну Iэмал иратащ. Насып иIэти, топ къыхудагъэкIыну хьэщIхэм я Iэзагъэр ирикъуакъым. Загъэпсэхуну икIып ипэкIэ Къуэн Заурбэ»рэ Гугуев Магомедрэ гъуэрыгъуэурэ мэхъэчкъалэдэсхэм я гъуащхьэтетыр яГъэпIейтеящ, арщхьэкIэ бжьыгъэм зихъуэжакъым.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэм и пэщIэдзэм «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм Къуэн Асльэнбэчрэ Гъурф Азэмэтрэ кърагъэхьащ. Абыхэм хэгъэрейхэм жыджэрагъ халъхьащ икIи бжьыгъэ ягъэбэгъуэну Iэмал гъуэзэджхэр иратащ. Арщхьэкlэ ар щахуэзфIэкIар зэIущIэм и кIэух дакъикъэхэрщ. Иджыри къэс лъэныкъуэкIэ щыту къаехплъауэ къыпщыхъуну Гугуев Магомед утыкум къихьащ. Ящ1ыкIэ штрафной къатар къиГъэсэбэпри, абы бжьыгъэр игъэбэгъуащ. Дакъикъэ зытIущ дэкIри, Гугуевым и ебгъэрыкIуэныгъэр хьэщIэхэм къызэрызэтрагъэувыIэфар футбол хабзэр къызэпаудущ. Ренальти! Ар Iэзэу езы Магомед игъэзэщIащ.

Арати, бжьыгъэшхуэкIэ, 3:0-у, текIуауэ зэIущIэр иухащ. Къэлэмэтращи, зэхьэзэхуэр зэрыщIидзэрэ «Спартак-Налшыкым» и хьэрхуэрэгъуэхэм яхудигъэкIа топитхури зи фIыгъэр ингуш щIалэхэу Ахриевымрэ Гугуевымрэщ. Хьэсэн тIэунейрэ къыхэжанакIащ, Магомед щэнейр ар хуэзфIэкIащ. Иджы адрейхэм я чэзущ.

Адэкlэ щыгъуазэ фхьэхутщIынщ пэщIдзэ зэIущIэхэм я ящIыкIэ бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **етIуанэ джэгуп1э** - «Анжи-2» (Мэхъэчкъалэ) - «Алания» (Владикавказ) - 2:1, «Таганрог» (Таганрог) - «Тэрч-2» (Грознэ) - 1:0, «Астрахань» (Астрахань) - «Ротор» (Волгоград) - 1:2, «МИТОС» (Новочеркасск) - «Динамо ГТС» (Ставрополь) - 1:1; **ещанэ джэгуп1э** - «Тэрч-2» - «Ангушт» (Нэзрэн) - 1:0, «Ротор» - «Таганрог» - 1:2, «Динамо ГТС» - «Астрахань» - 1:0, «Мэшыкъуэ КМВ» (Пятигорск) - «МИТОС» - 0:2. Фигу къэдгъэкIыжынщи, **япэ джэгуп1э** щызэхэтынур нэхъ иужьыIуэкIэщ.

КъыкlэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» нобэ Новороссийск къалэм щригъэкIуэкIынущ. Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыным и 1/64-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ ар щыIэпIэ «Черноморец»-м абы щыдзэжгъэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм зэхьэзэхуэр зэрыщкIэкIыр.*
*2 гуп*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Таганрог» | 2 | 2 | 0 | 0 | 3-1 | 6 |
| 2. «МИТОС» | 2 | 1 | 1 | 0 | 3-1 | 4 |
| 3. «Динамо ГТС» | 2 | 1 | 1 | 0 | 2-1 | 4 |
| 4. «Спартак-Налшык» | 2 | 1 | 0 | 1 | 5-3 | 3 |
| 5. «Ангушт» | 2 | 1 | 0 | 1 | 3-3 | 3 |
| 6. «Ротор» | 2 | 1 | 0 | 1 | 3-3 | 3 |
| 7. «Тэрч-2» | 2 | 1 | 0 | 1 | 1-1 | 3 |
| 8. «Анжи-2» | 2 | 1 | 0 | 1 | 2-4 | 3 |
| 9. «Алания» | 1 | 0 | 0 | 1 | 1-2 | 0 |
| 10. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 1 | 0 | 0 | 1 | 0-2 | 0 |
| 11. «Астрахань» | 2 | 0 | 0 | 2 | 1-3 | 0 |

# Адыгэ лъэпкъ гуащэ Бэчыж Лейлэ

● Дифі догъэлъапІэ

## Гъуэгуанэ купщІафІэ

**Филологие щІэныгьэхэм я доктор, профессор, академик, адыгэ литературэмрэ Іуэрыіуатэмрэ я къэхутакІуэ, критик Бэчыжь Лейлэ Іэбубэчыр и пхъум Кавказым щыпсэу лъэпкъэр къызэреджэр Сэтэней гуащэщ.**

ЛЕЙЛЭ Кавказ Ищхьэрэм и ягъэ бзыльхугъэ-литературоведщ. Адыгэ бзыльхугъэм хузэфІэкІащ ди лъэпкъ литературэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ лъэпкъэм я литературэмри теухуа лэжьыгьэ гъэщІэгъуэныщІэу 200-м нэс итхын. ИригъэкІуэкІ кьэхутэныгьэ лажьыгьэхэм нэмыщІ, Лейлэ егъэджакІуэщ, хущиякІуэщ.

ЩІэныгьэ лажьыгьэхэм кьинэмыщІауэ, КъШР-м и ТхакІуэхэм я союзым и унафэщІщ. Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьанныгьэр лъэпкъ щхьэхуэ-щхьэхуэу зыгъэушыну хуеяхэм Лейлэ ягъэври, ТхакІуэхэм я союз зэкъуэтыр кьиугъэнэн лъэкІащ.

Филологие щІэныгьэмкІэ кандидат лэжьыгьэр зыгъэхьэзыр щІэныгьэлІ куэдым я унафэщІу щытащ Бэчыжьыр. Нобэр кьыздэсми лъэпкъ зэхуэмыдэхэм кьаухкІа аспирантхэр Лейлэ и чэнджещ хуэныкъуэу кьыхуокІуэ.

Лейлэ и щыхьтащ Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэм кьикІуа гъуэгуанэм. Дуней псом кьыщацІыху Гамзатов Расул, КІыщокъуэ Алим, Козловский Яков, Искандер Фазиль, нэгъуэщІхэми гъуэгуанэ купщІафІэ кьадэзыкІуа къэхутакІуэщ. Нобэрей тхакІуэхэм, усакІуэхэм я гъуэгуэзщІ, пщІэшхуэ зиІэщ, щІэблэм ядэлажьэ егъэджакІуэщ.

Къэралым гулъытэншэ ищІакъым адыгэ бзыльхугъэ еджагъэшхэм, тхакІуэм и лжьыгьэхэу «Литературэ в потоке времени», «Бытие слова» тхылъхэр. Лейлэ кьыхуагъэфащащ «ЛъэпкъкІэм я зэныбжьагъуагъэ» орденыр, «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщІэр, медалхэр.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# НапэкІуэцІ плІыщІ

**Лъэпкъ гъащІэм ухэплъэжмэ, дауи, мащІэкъым хэплъэгъуэнур щІэныгьэрэ зэфІэкІрэ зыбгъэдэлъ цІыхуу. Ахэращ лъэпкыигур гушхуэныгьэкІэ щыз зыщІыр, щІэблэр пщодейрей махуэм хуэзыгъэуушыр. Абыхэм ящыщщ щІэныгьэ лъабжьэр нэгъэсауэ гъэтІылъа хуэным, лъэпкым и литературэмрэ абы ехьэлІа кьэхутэныгьэхэмрэ егъэкІуэкІыным хуэлажьэ зэпыт, щІэныгьэрылажьэ пашэ, щІэныгьэхэм я доктор, профессор, академик Бэчыж Лейлэ Іэбубэчыр и пхъур.**

МЫ БЗЫЛЪХУГЪЭМ и гуащІэ Іыхьэрэ лэжьыгьэ ягъэпсэрэ хэльщ Къэрэшей-Шэрджэс хэгъэугъуэ и адыгэ литературэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ лъэпкъхэми я публицистикэ, литературэ лъабжьэр зэгъэпэщыныр.

АДЫГЭ литературэм и тхыдэтх икІи критик цІэрыІуэ, Къандурым и дунейпсо саугъэтым и лауреат Бэчыжь Лейлэ Хьэбэз районым ихьэ ПсэукІэ Дахэ кьуажэм кьыщыхъуэ, КъШР-м и кьалащхьэ Черкесск дэт лъэпкъ еджапІэ-интернатыр кьиуха иужь, Лейлэ Ленинград дэт къэрал университетым и филологие факультетым щеджащ, щІэныгьэ нэхъыщхьэ игъэту кьызэригъэзэжри, Къэрэшей-Шэрджэс щІэныгьэ-къэхутакІуэ институтым щолажьэ, Іуэрыіуатэмрэ литературэмрэ я кьудамэм и унафэщІу. Абы кьыдэкІуэу, 1983 гъэм кьыщыщІэдзауэ Къэрэшей-Шэрджэс пединститутым и литературэ кафедрэм и профессорщ, республикэм и ТхакІуэхэм я союзым и унафэщІщ.

ЦІыху къэс и фІыщІэ щхьэмыжкъэр зэхуехьэсыж и гуащІэкІэ, Іуэху хьер зэфІиххэмкІэ. Лъэпкым и гугъу пщІымэ, абы хуэлажьэ, хуэпсэу, зи гуащІэ хуэзыгъэІыльэ дэтхэнэми фІыщІэмрэ гуапагьымрэ тІэунейрэ хуэфащэщ. Филологие щІэныгьэхэм я доктор, профессор, ЩІэныгьэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиемк и академик Бэчыжь Лейлэ ди адыгэ щІыналъэщІми, нэгъуэщІ къэралхэми щыпсэу адыгэхэми фІыуэ яцІыху. Абы и щхьэусыгуэр зэгъуэгІкъым, атІэ адыгэ Іуэрыіуатэмрэ литературэмрэ джьынмкІэ, ди лъэпкъ усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ я ІэдакъэщІэкІ тхыгъэхэм уасэ тэрэз яхуэщІынымкІэ, литературэ лэжьыгьэм зезыпыну зи гугъэ щІэблэр гъузэу щыпкъэ тегъэхьэнымкІэ мы бзылъхугъэм илэжьар мащІэкъым. А псори абы щыхуэфІэкІар анэдэлъхуу иІэ зэчиягъымрэ сыт хуэдэ гугъуехь хуэзами къыпимыкІыу щІэныгьэ зэрызригъэгъэтамрэщ.

Дэтхэнэ гъуэгуанэри кьызэрежьэр лъагъуэ кьыупсурэщ. Иужьым ёзы цыхур ращ зэльытар ар гъуэгуанэ щхьэхуэ хъунуми, нэгъуэщІ гъуэгуащхьэм хэпшэхуэжьынуми. Лейлэ хуэзфІэкІащ литературэм зэрыхэлэжьыхьа ягъэ лъэбакъуэхэмкІэ гъуэгу махуэ техьэу, лъэпкым и литературэ ди публицистикэ гъуэгуанэшхуэр иунэтІын. Абы и Іэдакъэм кьыщІэкІыу ягъэ дыдэу дунейм кьытехьауэ щытар «Шэрджэс литературэм и тхыдэм и напэкІуэцІкэр» зыфІаІуэ тхыгъэращ. Ауэар тхылъ щхьэхуэу кьыдэкІын и пэкІэ, тхыгъэр Лейлэ кьыщигъэсэбэпауэ щытащ 1957 гъэм Москва кьаІэм щекІуэкІа, адыгэ литературэмрэ гъуэзджэмрэ я махуэхэм абы щиІа докладым. Университетым къзэыуахгьащІэ бзылъхугъэ ныбжьыщІэм ди литературэм теухуауэ абдеж кьыщипсэлъам кьыхэща щІэныгьэр, акъылыр, зэчийр нэгъэсауэ гъэщІэгъуэн яцІыхьуауэ икІи уасэшхуэ хуащІауэ щытащ уриус тхакІуэ цІэрыІуэхэу Михалков Сергейрэ Сартаков Сергейрэ.

НапэкІуэцІ плІыщІ нэхъ мащІэу ягъэ тхылъ ПащІэ цІыкІур Бэчыжь Лейлэ ЩІэныгьэ-Іуэрыіуатэм и къыхэщІыкІыр, абыкІэ щІэныгьэм щыхиша лъагъуэ бгъуэзэр иужькІэ еджагъэшхуэм и гъуэгу бгъуфІэ хуиту иуэзэщІыжащ. 1962 гъэм кьыщыщІэдзауэ Бэчыжьым ди литературэм и тхыдэмрэ ди тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІ тхыгъэхэмрэ ятеухуауэ лэжьыгьэшхуэ зыбжанэ итхащ икІи кьыдигъэкІащ. Абыхэм ящыщщ: «Шэрджэс усакІуэ Гъэущокъуэ Хьусин» (1962), «Шэрджэс совет литературэр» (1964), «ЛІыхъужь эпосым кьыщыщІэдзауэ романым нэгъунэ» (1974), «Псалъэм и жэуаплІэгъэр» (1978), нэгъуэщІхэри. Абыхэм нэмыщІу, Бэчыжьыр ящыщщ 1980 гъэхэм Москва кьыщыдэкІауэ щыта «Совет лъэпкыбэ литературэм и тхыдэр» (томитку мэхъу), «Совет романыр» тхылъхэр зытха еджагъэшхуэхэм.

Дэтхэнэм дежи абы хельхьэ лъэпкым хуэгъэза и гупсысэ узынІэр, икъухьауэ псэу адыгэхэм литературэ кьагъэщІым ди лъэпкъ Іуэрыіуатэр зэриишхэпсым и гугъу ищІ зэпытщ. ИщхьэкІэ зэрыщыжьІауэ, Бэчыжьым кьаруушхуэ тригъэкІуэдащ адыгэ Іуэрыіуатэр зэхуэхьэсыжауэ кьыдэгъэкІыным. Адтхэнэ гъуэгуанэри кьызэрежьэр лъагъуэ кьыупсурэщ. Иужьым ёзы цыхур ращ зэльытар ар гъуэгуанэ щхьэхуэ хъунуми, нэгъуэщІ гъуэгуащхьэм хэпшэхуэжьынуми. Лейлэ хуэзфІэкІащ литературэм зэрыхэлэжьыхьа ягъэ лъэбакъуэхэмкІэ гъуэгу махуэ техьэу, лъэпкым и литературэ ди публицистикэ гъуэгуанэшхуэр иунэтІын. Абы и Іэдакъэм кьыщІэкІыу ягъэ дыдэу дунейм кьытехьауэ щытар «Шэрджэс литературэм и тхыдэм и напэкІуэцІкэр» зыфІаІуэ тхыгъэращ. Ауэ ар тхылъ щхьэхуэу кьыдэкІын и пэкІэ, тхыгъэр Лейлэ кьыщигъэсэбэпауэ щытащ 1957 гъэм Москва кьаІэм щекІуэкІа, адыгэ литературэмрэ тхыгъэдэмрэ я махуэхэм абы щиІа докладым. Университетым къзэыуахгьащІэ бзылъхугъэ ныбжьыщІэм ди литературэм теухуауэ абдеж кьыщипсэлъам кьыхэща щІэныгьэр, акъылыр, зэчийр нэгъэсауэ гъэщІэгъуэн яцІыхьуауэ икІи уасэшхуэ хуащІауэ щытащ уриус тхакІуэ цІэрыІуэхэу Михалков Сергейрэ Сартаков Сергейрэ.

НапэкІуэцІ плІыщІ нэхъ мащІэу ягъэ тхылъ ПащІэ цІыкІур Бэчыжь Лейлэ ЩІэныгьэ-Іуэрыіуатэм и къыхэщІыкІыр, абыкІэ щІэныгьэм щыхиша лъагъуэ бгъуэзэр иужькІэ еджагъэшхуэм и гъуэгу бгъуфІэ хуиту иуэзэщІыжащ. 1962 гъэм кьыщыщІэдзауэ Бэчыжь Лейлэ и щабэу уалъоІэс. Лейлэ, Лилэ, Ди щыпхъу лъапІэ! Лейлэ, Лилэ, Лъэпкым ипхъу! Ди гуфІэгъуэ, Ди гушхуапІэ, Нэхъри бжьыфІэ Уэ дыдохьу.

**ШОРЭ Ахьмэд,** *КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ.*

* * *

Куэдым Тэтчер урагъапщэ, Сэтэней гуащи кьыщІагъуэ, Уэ угъакІуэ тІуми ящщэ, Лъэпкъ и Іуащытщэр кьыуапхъэк! Утыкушхуэм уэ уихьамэ, ПщІэпщхуэ уиІэуэ укъокІыж, Аксьыл хэльу жыпІэ псалъэр ФІыкІэ цІыхухэм ягу кьокІыж.

## Псэ нэху

Уэ, Лейлэ гуащэ, щІыхь фащэу, лъэпкъ псор зэрыгушхуэ! Псэ нэху дунеягъэр зи гъащІэ дахагъэу убгъуа! Узипхъу лъэпкъжь уардэр хабзэжь щхьэмыгъазэ гъэушу, Адыгэ щэн-хьэлым нэхъ дахэр дуней зыхуэхьуа! Уи псалъэр шэрыуэу, гупсысэ къэуатКІэ псыхьащи, ІуэхущІафэу къепхьэжьэми цІыху зэхэщІыкІыр егъэщІ. Уи гъащІэр дахагъэкІэ дяпэкІи Тхъэм пыуиГащи, КъыуимыхьэлІэ зыгуэрми хъыбар гухэщІ. Лъэпкъ псалъэ къабзагъэм къурмэн хуэпщІыфащи уи гуащІэр, ЛъагапІэм я щхьэжьым пльэкІащи уэ ар пІэтыфын, Уигу кьабзэм цІыху фІыщІэр етэнущ сыт щыгъуи мы гъащІэм, Лъэпкъыпсэр зыгъафІэу, лъэпкъ псалъэр анэгу зыхуэхьуи! ШЫД Юрэ. *Черкесск къалэ*

## Звезда Кавказа

*Лейле Бекизовой*

Нет высоты у Ошхамахо,
Нет возраста у амазонки.
И не знакомо чувство страха
Душе чувствительной и тонкой.

Чтоб жизнью упереться в небо,
Нужны достойные дела.
А небо ловит звезды неводом,
И этим звездам нет числа.

Но лишь одна зовется - Лейлой,
И освещает наш Кавказ.
Чтоб по ночам вершины белые
Звенели песнями о нас.

**Александр ПРЯЖНИКОВ.** *Новочеркасск*

# Зи псалъэр дахэ, зи гупсысэр куу

**Алий хэ ящхьу Аллэ зэманыфІ хъуауэ Москва щопсэу. Кавказ Ищхьэрэм и кІауэ Москва щеджахэм ар зымыцІыху яхэткъым, дэІэпыкъуэгъуэ хуейуэ бгъэдыхьахэр щигъэщІэхъуа щы Іауэ сыщыгъуазэкъым. Ломоносовым и цІэр зэрихьэу Москва дэт университетым филологиемкІэ и факультетыр кьиухащ Аллэ. ИужькІэ щылэжьащ Дунейпсо литературэмкІэ институту Горький Максим и цІэр зезыхьэм (ИМЛИ), филологие щІэныгьэхэм я доктор, профессор хъуащ. Аллэ нэхъыбэу зэлэжьыр адыгэ Іуэрыіуатэр, нарт эпосыр, Кавказ Ищхьэрэм и адыгэ литературэр зэпхърыкІыныр аращ, а Іуэхугъуэхэм ехьэлІауэ тхылъ зыбжанэ кьыдигъэкІащ.**

МЫ ТХЫГЪЭР Аллэ теухуа псалъэхэмкІэ къызэрыщІэздзар щхьэусыгъуэншэкъым. Ягъэрауэ, Аллэрэ Лейлэрэ зэпыпхъуэхэм хуэдэу фІыуэ зэрохьагъуу, ильэс Іэдэм щІауэ зэныбжьэхъуэхэщи, щызэгурымыІуа кхъэхъуакъым, лъэпкъ щІэныгьэм а тІум хуащІа хэльхьэныгьэ зы псалъэ, псалъитКІэ хъыпхуэІуэтэнукъым. ЕтІуанэрауэ, Лейлэ сэзыгъэщІыхуауэ щытар Аллэщ.

Москва сыкІуауэ хьащІэщым сыщІэсу телефоныр къеуащ: «УщІэс, си дэлъхушхуэ, - жеІэ Аллэ, - Лейлэ си дежи щыІэщи, узэригъэщІыхуну хуейщ, укъэкІуамэ, хуабжьу ди гуапэ хъунт».

ЗэрыхужаІэ дыдэм хуэдабзэу, бзылъхугъэ лъагъугъуафІэт, зэкІужт Лейлэ, и набдзэ Іувхэмрэ нэбжьыщ кІыхьхэмрэ нащхьуэ губзыгъэхэр кьащІэпльырт, узыщІыкыр зрагъащІэу. И макъым фэрыщІыгъэ гуэри хэлэтжьакъым, зэрыдахэр ящІэжу, и псэлъэкІэми, щрысыкІэми, зыІыгъыкІэми а дахагъэр къаэщрэ, и щхьэщ Іувыр и щхьэ пхэтІыгъум щышыхьжауэ - пщы гуащэ жьыуаІэм хуэдабзэт, хэпхыни эпльхьани щымыІэу.

А пщыхьэщхьэм куэдрэ дытепсэльыхьащ ди лъэпкым, ди щэнхабзэм я Іуэху зытетым. Сызыбгъэдэс бзылъхугъэм ІтІри абыхэм хъарзынэу щыгъуазэт. ТІуми щІэныгьэм куэд щахуэзфІэкІыну хуэнэсат, сэ абыхэм жьыжьуи салъэщІыхьэртэкъыми, укІытэм сигъэщІыпльырт. ЦІыхубзхэми ар къагурыІуагъэнти, сэ сфІэигъуэр тэмэм хуэдэу кьысщагъэхъуу дыуэрщэращ. А махуэм кьыщыщІэдзауэ тІуми «си шыпхъуэКІэщ» саэрреджэр. Лейлэ кьыщалъхуари, кьыщыхъуари, школыр кьыщиухари Шэрджэсым щыІэ ПсэукІ Дахэ къуажэрщ, и лъапсэу, и хэкуу ильэтэр а жьлэрщ. Хьэл-щэнрэ адыгэ хабзэу и анэм кьихилъхьаэр кьыхэнат. ЖьпІэнэрамэ, мы цІыхубзым и гъащІэр кьанэ щымыІэу гъуэгуанэхэм щрихьэкІыу къеКІуэкІащ - конференц, диссертацэ ІуэхуэмкІэ нобэ Москва щыІэмэ, пщэдей Баку, Мэхъэчкъалэ, Тбилиси е Алма-Ата кьыщыщІидзу, къэралпсо е дунейпсо форумхэм щылажьэу, и щхьэ Іуэху кьрихьэкІыжьыну хущІэмыхьэу. Иджыри аращ зэрыщытыр - и дэІэпыкъуныгъэ зыгуэр хуэныкъуэмэ - сыхущІыхьэркъым жимыІэу, е нэгъуэщІ гуэрхэр щхьэусыгъуэ имыщІу.

ЩІымахуэ уае гуэрым усакІуэ Багъ Нурбий сэрэ Москва дыкІуат, Урысейм и тхакІуэхэм я зэІущІэм драгъэбгъэгъуэ. Нурбий ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьэнути, сэри абы теухуауэ сыкъэпсэльэну си мурадт. Абы и псалъэ щрыжІэну Лейли елъэІуат. «Тхьэ, щІалъэхэ, зэкІэ си Іуэху хуэмыхьу. ЩІыІэ тІэкІу къыхсыхьауэ арагъэнщи, нэхъыфІ сызэрыхъужу, сынэкІуэнщ»,- кьыджиІащ абы.

Пленумым щІидзащ, Лейлэ щыІэкъым. Цы Іэрыльхьэу жьыуаІэм хуэдэу уэсышхуэр къреупщІах. Абдежым пча макъ кьыІури, и тен джэдыгур уэсым умыгъэльагъужу, и щхьэри уэс защІэу Лейлэ кьыщІыхьащ. «Аллах вас наказал таким снегом, - гушыІэ щІыкІэу, ауэ нэмысышыгагъэ хэмылъу, - жиІащ абы, - я так и знала, мужики, что вы не посадите в президиум ни одной женщины», - апхуэдэу зэрыгушыІуэр занщІэу сцепкІэ Аллэ дэкІуауэ. «Иди сюда, Лейла», - жеІэ Михалков Сергей. Бондарев Юрий мэкІуатэри, цІыхубзыр Михалков Сергей бгъэдгъэтІысхьэ. Апхуэдэу гушыІэ дгъэхкІэ псори игъэнэжэгужауэ щытащ. Залым урыс цІыхубз тхакІуэ цІэрыІуэхэри цІэст. Пленумым хэтт усакІуэхэу КІыщокъуэ Алим, Кугультинов Давид сымэ, тхакІуэ цІэрыІуэхэр, критикыштхуэхэр. КІыщокъуэми Кугультинови Багъым псалъэ дахэ хужаІащ, дэгъуэу кьэпсэльащ Кузнецов Феликси. УсакІуэ Попцов Олег Багъым кьыжриІащ ІуэрыІуатэ усыгъэм зебгъэщхьу утхэкІэ, усакІуэ умыхъуну. Абы иужькІэ Лейлэ псалъэ кьаІихри, Попцовым жэуапыфІ иритащ, ІуэрыІуатэм и къэпсэн зи усыгъэм хэмылъыр усакІуэшхуэ зэрымыхъур урыс поэзием и щапхъэхэмкІэ хуигъанаІуэри, Багъым и усэхэм тепсэльыхьащ: «Багъым и анэ Бэрэтэр Хьэбидэтщ усакІуэр ІуэрыІуатэм хэзыгъэгъуэзар, ар лъэпкъ уэрэджьхъэр фІыуэ зыщІэ бзылъхугъэщ, ІуэрыІуатэм ижь кьызэрыщІихуам щхьэкІэ Багъым щытхъу хуэфащащ, ахъумэ ар къемыкІуу, усыгъэм кьымытІасэу къэлъытапхъэкъым». Апхуэдэу Багъым и тхыгъэхэм хэгъэщхьэхуэкІауэ тепсэльыхьыгъащ Лейлэ, абы теухуауэ итхар напэкІуэцІ 17 хъурт, ауэ ар кьищтэу зы напэкІуэцІи кьеджакъым. Лейлэ кьыгурыІуат Багъым и усыгъэм тхыгъэ щхьэхуэ теухуэн зэрыхуейр.

НОБЭР кьыздэсым фІыуэ сощІэж. 1979 гъэм и бжьыхь кІасэт. Си доктор диссертацэр пхыгъэкІыну Тбилиси сыщыІэт, си гъусэт Бэрэтэр Хьэмид, Пэнэф Сэфар, нэгъуэщІ си ныбжьэгъухэри. ТщІэнэр дымыщІэу догуэавэ, Москвам, Дагъыстэнми, Осетиеми икІа хьэщІэхэр щыІэщ. Лейлэ къэсыным дыпопльэ. Алма-Ата оппоненту кьыщысалъэри, БакукІэ кьигъэзэжат, абыи доктор диссертацэм и оппоненту щытти, Баку кьикІри Тбилиси мафІэгъуКІэ кьэкІуащ.

Советым кьыщыщІэльа нэужь, зэрыхъуар дымыщІэу, Лейлэ, мыхъур зытеГъуэ и отзыври здишэжри, Черкесск кІуэжащ. Ауэ, зы махуэ нэхъ дэмыкІыу, Черкесск кьригъэкІри щІалэ кьигъэкІуащ диссертацэм хуитхар кьригъэхьжри. Ар щІыжьыСІэращи, Іуэхум гудзакъэ хуиІэт, хьэлэлу бгъэдэтт, а псом кьыдэкІуэуи унагъуэр зэрихьэрт. И анэр иужьрей илъэсхэм сымаджэ хьэлъэти, зэпымыууэ и нэІэ тригъэтын, кІэльыпльын хуейт. Жьы жьыуаІэжращ, псы фалъэ хуэшинн, хуэпщэІэн, хуэтхьэщІэн хуейми, псори Лейлэ и пщэм дэлът. Ауэ Лейлэ ар кьытехьэлъэу зы псалъэкІэ нэхъ мыхъуми зыми зыкъригъэщІакъым, цІыхуэхэр зыхуигъэпсэльакъым. Лейлэ и щхьэгъусэри куэдрэ псэуакъым, и кьуэ закъуэри игъуэ нэмысу дунейм ехьажат. И псэукІэм и гугъу пщІымэ, Лейлэ адрей псоми хуэдэщ - щыгуфІэни щыгуІэни ильэгъуащ. Ауэ, гухэщІ сиІэщ жиІэу, тхьэусыхэу е зигъэтхъэмыщкІафэу и Іэр зэтедзауэ тІысыжьыркъым, зыми щымыгугъуу, и щхьэ Іуэхуэр езым зэфІехьыж, щІэныгьэм щызэфІигъэкІын хуейуэ гъащІэм фарэ кьыщиІар егъэзащІэ.

Лейлэ лъэпкым хуилэжьар иджыри илъэсищІ бжьыгьэкІэ ЦІыхухэм кьагъэсэбэпынуг - еджэхэми езыгъажьэхэми яхуэщхьэпэнущ абы итха тхылъ 20-м щІигъур. Ахэр тхылъ цІыкІуфэкІыкъым, атІэ лъэпкым дежкІэ мыхьэнэшхэ зиІэщ, щІэныгьэ и лъэныкъуэкІэ уасэ зимыІэж, жьыуаІэхэм хуэдэу, щІэныгьэ пэрытыр я лъабжьэу, я купсэу. Лейлэ аспирантурэм щыщІэсам адыгэ лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгьэфІхэр хуищІыгъащ. Литературэм и жанр псоми (рассказым, повестым, романым, драмэм) хьихь тхыгъэхэу адыгэхэм яІэу хьэр зэпкърихащ - «мыпхуэдэ литературэ дэри диІэщ, узытепсэльыхьынур гъунэжщ», - жыхуиІэу.

Шэрджэс литературэм и закъуэ кьапщтэмэ, Лейлэ абы и жанр псори кьызэщІиубыдащ, ІэхъуэгъуэтетгъкІ мыхъуу, кууу зэпкърихащ Дыщэкі Мухьэмэд, Уэхъутэ Абдулыхь, Гъуэщокъуэ Хьусин, тхакІуэ нэхъ ныбжьыщІэхэми я ІэдакъэщІкІэр.

ЗэрыжьтІащи, Лейлэ лэжьыгьэ куэд иІэщ. А псоми утепсэльыхьыну тыншкъым, ауэ абыхэм зы тхылъ яхэтщ и цІэр кьыумыІуэу ублэмкІыфыну.

Ар 2008 гъэм кьыдэкІа «Литературэ в потоке времени» тхылъращ. Кавказым щыпсэухэм я лъэпкъ литературэхэр кьанэ щымыІэ жьыуаІэм хуэдэу щызэпкърихри, наІуэ кьащІ ящІащ ахэр дунейпсо литературэм щыщ зэрыхьуар. И псалъэр дахэщ, и гупсысэр куущ, кьуэ ІуэтэкІэм зэрІэзэщ Лейлэ. Бэчыжьым сохъуэхъу и ныбжьэр махуэшхуэм иджыри гуфІэгъуэ куэд Тхьэм кьыхуипищэну.

**ШАЩІЭ Кьазбич,** *филологие щІэныгьэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик.*

**ЩІэныгьэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэтхэр Налшык щыяэхуэзащ: ЦІыпІыпэ Аслъэн, Хьаний Мирон, Щоджэн Іэсхьэ, Хьэфыщ Мухьэмэд, Бэчыжь Лейлэ, Щоджэн Аслъэнджэрий, Уэхъутэ Александр.** *2006 гъэ*

● Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ

Сыту дахащэ адыгэ фащэмрэ адыгэ пщащэмрэ!

● ЖыIэгъуэхэр

## Узэрыщымыт зумыщI

●ПсэлъэкIэм куэд елъытащ.
●Цiыхум жумыгъэIэжын умыIуатэ.
●Iей пщIами фIы пщIами - къыппекIуэкIыжынущ.
●Цiыхур зыгуэркIэ къыпщыгугъмэ, и псэлъэкIэмкIэ къэпщIэнущ.
●Цiыхур бгъэдэлъым елъытауэ зэрыпсалъэр.
●Уэзрыщымыт зумыщI: хамэ хьэл махуищ пIалъэщ.
●Уи щэхур псоми къебгъэщIэну ухуеймэ, зы цiыху закъуэм хуэIуатэ.
●Укъэзыцiыхум нэхърэ укъэзымыцiыхум нэхъыбэ къыпхуищIэнущ.
●ПцIыупсым жиIэр езым и фIэщ мэхъуж.

БЖЭНЫКIЭ Регинэ.
*Кьыщпэк къуажэ*

МЗЭ Iэниуар

# Бжьахъуэ дадэ

Рассказ

Бжьахъуэ дадэкIэ деджэу ди хьэблэм зы лIыжь угъурлы дэсащ. Абы и ныбжьыр илъэсищэм нэблэгъат. Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэтат, орденыбгъэт.

Къэдгъэунэхуауэ сабийхэр абы и бжьаIуэм дыкIуэрейт. Бжьахъуэ дадэ таурыхъ, псыгъ, хъыбар гъэщIэгъуэн куэд къытхуиIуэтэжырт. Дэри ди тхъэкIуэмэр тегъэхуауэ дедаIуэрт. Бжьахъуэ дадэ и сабиигъуэр щихьа и адэм и бжьаIуэр куэдрэ игу къигъэкIыжырт. Зэгуэр дадэ ину щатэри, зы хъыбар къиIуэтэжащ.

- Си сабиигъуэм мыщэри, дыгъужьри, хьэIуцыдзри куэдт. Пшапэр зэхэуа къудейуэ ди бжьаIуэм пэмыжьыжьэу макъ шынагъуэ къэIуащ.

- Зэхэпхрэ, ди адэ?

Сыкъэшынэри си адэм гъунэгъу зыхуэсщIащ.

- Зэхьэох, си щIалэ, зэхьэох. Мыщэр хъуакIуэ-щакIуэ къежьауэ араща. ЩIымахуэ псом жеяр къэушри, и гъуэм къикIащи, шхын къелтыхьуэ, ныбэ нэщIщ, тхьэмыщкIэжьыр.

Iэуэлъауэр кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къытхуэхъурт. Сэри сышынауэ ди адэм и щIыбагъ сыкъыдэтщ.

- Умышынэ, хуэмыху, умышынэ, абы ди гугъу къищIынукъым.

ПщыIэм и гупэм деж щищIа мафIэм гъурц куэду триалъхьэри, мафIэ бзийм лъагэу зиIэта нэхъ, щIакъыуэ щыкъуей, кIэртIофыфэ хуэдэхэр Iуихри си адэм жьжьэу игъэтIылъащ. Мыщэжьыр къапльэрт, и пхэ лъакъуитIымкIэ къэуваущ.

- Мыщэр мафIэм щошынэ, - жиIащ си адэм, - ар къыдбгъэдыхьэнукъым, псэ зыIуту мышынэ дунейм теткъым.

Ди адэм фоч зэгуэтыр хьэзырыххэу иIыгъщ. Мыщэм ищIэнум ар пощIа. Зэран дыхуэхъун Iуэху зэрызедмыхуэр къыщыгурыIуэм, мафIэ бзийр тIэкIу нэхъ кIащхъэ зэрыхъуу, ди адэм мыщэм хуигъэтIылъар гужьеяуэ ишхащ. Шхэн иуха хъунщ щыжьтIэм, мыщэр аргуэру, цIыхум хуэдэу, къызэфIэуващ, лъаIуэу.

Мыр зэдгъасэ хьунукъым, дымыгъащтэмэ дигъэтэшышнукъым, гугъу дригъэхьынущ, - жиIэри, ди адэм фочыр дригъэуеящ.

Мыщэм фIы къызэрыпэмыплъэр къыщыгурыIуэм, гъумэтIымэуэрэ мэзым хьихьэжащ. Абы иужькIэ мыщэ хьэщIэ диIэжакъым.

Абдеж дадэ и хъыбарыр щиухащ.

Зэман дэкIауэ щIымахуэ нэхъыбым къыкIуэкIа дыгъэ къарууншэм дыкъигъэделяри зыдгъэпскIыну цIыкIухэр псыхъуэм дызэрысыхащ. ЗыщыдгъэпскIыр бжьахъуэ дадэ и бжьаIуэм пэжьжьэтэкъым. Абы дыкъиилъагъури къыздэжащ:

- Мыдэ фыкъакIуэт. СлIо, фи нэгу зевгъэжьажьну фыкъежьауэ ара?

- Псыхъуэм зыщыгъэпскIыным щIыдодзэ, - щыжьтIэм, пыгуфIыкIащ.

- ПасэIуэу щIэвдзащ, мыщэм зимыгъэпскIауэ зывгъэпскIмэ, бэгу фыхъунущ, псыр апхуэдэу пасэу къэхуабэрхьым. Моуэ фыкъетIысэкIи, фо фхэгъэшхынщи, ар нэхъ Iуэхуфщ. «Хьэуэ» жьтIэнт! Зыдгъэтхъэжащ. Пшапэ зэхэуэгъуэр къэсри дыкъригъэжьажащ: «НобэкIэ ар хъунщ, мэкъауаугъуэм щIыхьэху фысщIынуци зывмыгъэкIуэд», - жиIэри.

ЩIыхьэхум къикIыр къыдгурымыIуами, дыщIэупщIэн дукIытэри, дызэбгрыкIыжащ. Арати, дадэ къыззэрыдгъэгуъар тщыгъупщэжыным нэсауэ, зы пщыхьэщхьэ гуэрым къытхуеIуэху, щIыхьэху дыкIуэн зэрыхуейр дигу кьигъэкIыжу. Зэнибжьэгъуэхэр дызэхуосри бжьахъуэ дадэм и щIыхьэхум докIуэ. Езыри къыдэжьэу щыст. Фо зэрыщIахури хьэзырыххэт. Фо хьэжъуэшхуэхэр зэрыт пхъэ рамэхэр бжьэ матэхэм къыдихьируэ зэрыщIаху машинэм ирегъэувэ. Дэ бжьахъуэ дадэ къыззэрыджиIам тету машинэм и къур догъэкIэрахъуэ. Фо щIэхукIэм псынщIэу дыхэзэгъащи, догуфIэ. Бжьахъуэ дади зыри жимыIэу къыдопльэ. Апхуэдэуэрэ шэджагъэшхэр къэсащ.

- ЩIыхьэхум нэхъыфI дыдэу хэлъыр ди Iэр фтхьэщI щыжаIэращ, - мэгушыIэ бжьахъуэ дадэ.

Фо хьэкIуэкIэ тепщэчитIкIэ Iэнэм къытрегъэувэри, и псалъэм къыпещэ:

- Фом и залэр маещ. Егъэлеяуэ куэд фымышх, фигъэсымэджэнщ.

Зы щIалэ щIыкIу нэхъ бзаджэу къытхэтти, дадэ зэхримыгъэхыу жеIэ:

- ЦIыху хьэлэл сигугъа щхьэкIэ, нэпсей гуэрщ бжьахъуэ дадэ. Зэхэфхакъэ жиIар? Фом игъэсымэджа щыIэ, димыгъэшхыну аращ.

Бжьахъуэ дадэ жиIэм емыдаIуэу, фоуэ хуэшхыр иригъэмэрэкIуэхащ абы.

Куэд дэмыкIыу щIалэ цIыкIум и гур къекIуэу, пщIэнтIэпс къыпижу щIидзащ. Дэри дыгужьейри къэхъуар дадэ жеIащ.

- Евмыгъэлеину сынывлэлъаIуати, - жиIэри, дадэ щIалэ цIыкIум и Iэблэр иубыди псы ежьхьи ишащ икIи зригъэтIэщIри абы хигъэгъуэлъхьащ. Зэман дэкIри ар и фэм кхихьэжауэ къытхишэжащ.

Фо щIэхуныр и кIэм щынэдгъэсам щщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуати, бжьахъуэ дадэ фIыщIэ къытхуищIы, фо хьэкIуэ зырызи къытIэщIилъхьэри, гъэзыгр зэхуэдитI тщIыху дыкъингъэкIуэтэжащ.

Абы и пэкIи иужькIи бжьахъуэ дадэ фо куэд сигъэшхащ, ауэ дигъэщIыхьэхуу къыдита фо хьэкIуэм хуэдэу IэфI сэ игъащIэм сIухуакъым. Уэ сыти жьIэ, къэблэжьа ерыскъым нэхъ IэфI щыIэкъым.

ЩIыдодзэ, - щыжьтIэм, пыгуфIыкIащ.

- ПасэIуэу щIэвдзащ, мыщэм зимыгъэпскIауэ зывгъэпскIмэ, бэгу фыхъунущ, псыр апхуэдэу пасэу къэхуабэрхьым. Моуэ фыкъетIысэкIи, фо фхэгъэшхынщи, ар нэхъ Iуэхуфщ. «Хьэуэ» жьтIэнт! Зыдгъэтхъэжащ. Пшапэ зэхэуэгъуэр къэсри дыкъригъэжьажащ: «НобэкIэ ар хъунщ, мэкъауаугъуэм щIыхьэху фысщIынуци зывмыгъэкIуэд», - жиIэри.

ЩIыхьэхум къикIыр къыдгурымыIуами, дыщIэупщIэн дукIытэри, дызэбгрыкIыжащ. Арати, дадэ къыззэрыдгъэгуъар тщыгъупщэжыным нэсауэ, зы пщыхьэщхьэ гуэрым къытхуеIуэху, щIыхьэху дыкIуэн зэрыхуейр дигу кьигъэкIыжу. Зэнибжьэгъуэхэр дызэхуосри бжьахъуэ дадэм и щIыхьэхум докIуэ. Езыри къыдэжьэу щыст. Фо зэрыщIахури къэзырыххэт. Фо хьэжъуэшхуэхэр зэрыт пхъэ рамэхэр бжьэ матэхэм къыдихьируэ зэрыщIаху машинэм ирегъэувэ. Дэ бжьахъуэ дадэ къыззэрыджиIам тету машинэм и къур догъэкIэрахъуэ. Фо щIэхукIэм псынщIэу дыхэзэгъащи, догуфIэ. Бжьахъуэ дади зыри жимыIэу къыдопльэ. Апхуэдэуэрэ шэджагъэшхэр къэсащ.

- ЩIыхьэхум нэхъыфI дыдэу хэлъыр ди Iэр фтхьэщI щыжаIэращ, - мэгушыIэ бжьахъуэ дадэ.

Фо хьэкIуэкIэ тепщэчитIкIэ Iэнэм къытрегъэувэри, и псалъэм къыпещэ:

- Фом и залэр маещ. Егъэлеяуэ куэд фымышх, фигъэсымэджэнщ.

Зы щIалэ щIыкIу нэхъ бзаджэу къытхэтти, дадэ зэхримыгъэхыу жеIэ:

- ЦIыху хьэлэл сигугъа щхьэкIэ, нэпсей гуэрщ бжьахъуэ дадэ. Зэхэфхакъэ жиIар? Фом игъэсымэджа щыIэ, димыгъэшхыну аращ.

Бжьахъуэ дадэ жиIэм емыдаIуэу, фоуэ хуэшхыр иригъэмэрэкIуэхащ абы.

Куэд дэмыкIыу щIалэ цIыкIум и гур къекIуэу, пщIэнтIэпс къыпижу щIидзащ. Дэри дыгужьейри къэхъуар дадэ жеIащ.

- Евмыгъэлеину сынывлэлъаIуати, - жиIэри, дадэ щIалэ цIыкIум и Iэблэр иубыди псы ежьхьи ишащ икIи зригъэтIэщIри абы хигъэгъуэлъхьащ. Зэман дэкIри ар и фэм кхихьэжауэ къытхишэжащ.

Фо щIэхуныр и кIэм щынэдгъэсам щщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуати, бжьахъуэ дадэ фIыщIэ къытхуищIы, фо хьэкIуэ зырызи къытIэщIилъхьэри, гъэзыгр зэхуэдитI тщIыху дыкъингъэкIуэтэжащ.

Абы и пэкIи иужькIи бжьахъуэ дадэ фо куэд сигъэшхащ, ауэ дигъэщIыхьэхуу къыдита фо хьэкIуэм хуэдэу IэфI сэ игъащIэм сIухуакъым. Уэ сыти жьIэ, къэблэжьа ерыскъым нэхъ IэфI щыIэкъым.

● Прозэу тха усэхэр

## Жыгыр щIым зэрыхэтыр...

- Дауэ жыпIа, тIу? - псалъэмакъым хоIэбэ ильэсищэм нэблэгъа Бэбэч. - Сытщ жыпIа а щIалэфIым и лIыгъэр?

- ИнджылызбзэкIэ уэрсэру мэпсалъэ!

- То-о-о-у-бэ...

- ФрандзыбзэкIи!

- Тобэ, тобэ...

- Нэмыцэбзэри аращ.

- ЩIагъуэр жыпIаи. Насып иIэкъэ-тIэ абы! Хьилмышхуэ ябгъэдэлъу къыщIэкIынщ абы и адэ-анэм. - ТIэкIу хогупсысыхь лIыжьыр, нужькIэ щIоупщIэ:

- Езым и бзэм хуэщэрыуэ а щIалэр? И адыгэбзэр ищIэжрэ?

- Хьэуэ, - жеIэ хэзыщIыкIым. - ЕгъэджакIуэ къыхуащтэурэ хамэ къэралыбзэхэр ирагъэджащ. И бзэр ирагъэджыжатэкъыми, имыщIэу къэнащ.

- ГурыIуэгъуэщ, - мэщатэ Бэбэч. - Хьунукъым.

- Сыт мыхьунур, Бэбэч?

- Зыри хьунукъым. Ягъэунэхъуащ щIалэр! Сыту хьилмыншэт абы и адэ-анэр! Езыри сыту насыпыншэт, Кунэфу къэнащ. Кунэф жьхуаIэр фщIэрэ?

- КъыждепIэтэмэ...

- ПщIэ зыхуэзэмыщIыж цIыхурщ кунэф хуэжьжыр. Уэ езым пщIэ зыхуэпщIыжмэ, нэгъуэщIым я щIэныгъэми уIэбэфмэ, ууейм а нэгъуэщIым яйри къыхэбгъэхъуэфмэ - адэфым! Армыракъэ, хамэбзэу щыIэ псомкIи щIэбгъэлъэлъу упсэльэфми - укунэфщ!

Хуэмурэ ежьэжщ, ауэ куэд имыкIуу къэувыIэжщ, къеплъэкIыжри, дадэм моуи къыщIигъужащ:

- Жыгыр щIым зэрыхэтыр езым и лъабжьэрщ.

## Джэд нэхърэ...

Зэрылэ нэгъуэщI гуэрым дихьэхати, мурад ищIат и щхьэгъусэм бгъэдэкIыжыну. Ауэ ильэсиблым ит ипхъу щIыкIум къыззэтригъэувыIэрт. ЗэрызыкъригъэщIэнури къыщригъэжьэнури имыщIэурэ зэманыр кIуэрт.

Зэгуэрым жеIэ, и пхъум зыхуегъаазэри:

- НакIуэ, Улэ, тыкуэн гъунэгъум дыгъакIуэ, хэт ищIэрэ, папэщIэ ящэмэ, къэтщэхунщ...

- Хьэуэ, мамэ, - жеIэ Улэ цIыкIу, занщIэу зыкъызэзкъуехри, - гъунэгъу тыкуэным щIэлъ щыIэкъым, универмагыщхуэм дыгъакIуи, абы мами папи щIэрыпсу къыщытщэхунщ.

Сабиим и жэуапым къигъэуIэбжьат Зэрылэ. ИкIи къигъэгубжьат. Ауэ куэдми иригъэгупсысащ. ИкIэм-икIэжьым абы нэхъ къыфIимыгъэкIыу зыззэтриуIэфIэжри и щхьэгъусэм къыбгъэдэнэжащ.

Школым кIуэуэ щIэзыдза Улэ цIыкIу букварым къыщеджэкIэ, тIэкIуи хикъуэзэрэ жыпIэну, «мамэ», «папэ» псалъэхэр зэпеш. Ар щызэхихкIэ, Зэрылэ и пхъур зыщIэс пэшым и бжэр мащIэу дамэдазэ ещIри, Улэ цIыкIу хукъуэплъу куэдрэ щытщ, зэззэмызэ нэпс ткIуэпс къыщыIэщIэхуи щыIэу...

КЪЭЖЭР Хьэмид.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## МыIэрысэ зыдэлъ хьэлывэ

МыIэрысэ хъуар зэхадз, и кIыр кърач, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, зэгуагъэж, жылэр кърах, къэнар бзыгъэ цIыкIуурэ яупщIатэ, шынакъым иралъхьэри, абы фошыгъу хакIуэ, псывэ тIэкIу щIакIэри, мафIэм трагъэувэ. ИтIанэ и щхьэр техауэ Iув хъуху къагъавэ, щIэ-щIэхьурэ зэлащIэуурэ. МыIэрысэ вар къытрахыжри ягъэупщIыу.

ИужькIэ Iэнэм хьэжыгъэ тIэкIу трагъэщащэри, абы тралъхьэ пщагъэ хэлъу япща тхьэвыр, г 50 - 60 хъууэ зэпаупщI, мм 2 - 3 я Iувагъыу яху. Абы и щIыIум мыIэрысэ ягъэхьэзырар тралъхьэ, я кIапэхэр зэрагъэубыдри, хьэкулъэкIэ хьэзыр хъуху ягъажьэ. Хуабэуи щIыIэуи яшх.

**Халъхьэхэр:**

Тхьэвым: гуэдз хьэжыгъэу - г 400, псыуэ - г 180-рэ, пщагъэу - г 10, шыгъу - г 2, фошыгъу - г 20, Хьэлывэм дэлъынур: мыIэрысэ упщIэтауэ - г 300, фошыгъуу - г 50, псыуэ - г 10, тебэщыхуэу - узыхуейм хуэдиз.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьажащ.*

● ПсалъэжьхэР

## Жым еубзи, щIэр гъэгушхуэ

♦Зэхэпх псор уи фIэщ умыщI.
♦Зи пIалъэ умыщIэ шыкIэ утыку уимыхьэ.
♦Гъэугум пкIэлъей ебдзмэ, кIэщI мэхъу.
♦Дахэм блэр гъуэм къреш.
♦Дахэр зыгъэдахэр и щэнщ.
♦Дыхьэшхынми мардэ иIэщ.
♦ЕсыкIэ умыщIэмэ, тендджызым ухэмыхьэ.
♦Жым еубзи, щIэр гъэгушхуэ.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу***: **1**. Унагъуэ къэс яIэ Iэмэпсымэ. Нэхъапэхэм щыгъуэ къыщагъэсэбэпкIэ дэп пщтыр ирахкIутэу щытащ, иджы токкIэ ягъэлажьэ. **6**. Iэщым, шым я фэр изых бадзэжь. **8**. ЖьантIэм ухущIэмыкъу, ... къыплъысынщ. **9**. Дыгъэ ... е нартыху ... . **10**. Ар махъсымэ щытам и лъащIэм къыщIонэ. **11**. КъэзышагъащIэ щIалэ. **12**. Зил къыпщIэмыуэм уи ... хуумыIуатэ. **15**. Бын. **16**. Хьэпъэ кьезыщэжI, гъэзугъанэ техьа щыгу зэкIэлъхьэужь гуп. **17**. Iэщ цIыкIу. **22**. Бжэгъу кIыхь, фIэгъэнапIэ иIэу. **23**. Удз лIэужьыгъуэ: Iэщми яшх, цIыхуми хущхъуэгъуэу къагъэсэбэп. **24**. Колхоз лэгъупэжьым IэщIэшхыьха мэлыр абы ихьауэ щытрилтхъэ щыIэщ. **25**. Лэжьэфми мылэжьэфми языныкъуэ къулыкъущIэхэр зэса, ... щабэм игъащIэкIэ къытекIыну я пщIыхьэпIэ къэкIыркъым, я Iэнатlэм пагъэкIыху. **27**. Адыгэ Iуэрыlуатэм кхыхэщыж цIыхубз пелуан. **29**. Гъущым кхыхэщIыкIа кIапсэ, хьэр ирырапхьу. **31**. Джэд ... и пщIыхьэгъуц. **32**. ИльэсыщIэм и пэ сабийхэм щхьэкIэ унэм щагъэувэ жыг. **34**. Дзыгъуэм жэнэту къыщыхъу нартыху хъумапIэ. **36**. ... бзаджэ тIысыпIэнэшэщ. **37**. Мэжаджэ, хьэтыкъ, чыржьн, .... **39**. Бгитl зэхуаку. **40**. Убэлэрыгъамэ, джэдыр пфIэзыхьыну хьэзыр мэз псэущхьэ е ди республикэм и «Спартак» футбол командэм и капитан. **41**. Псы къиуам кхрихьэх пхъэ, жыг хуэдэхэр. **42**. Псыщхьэ тещтыкIа. **43**. Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ.

***Къехьу***: **2**. НэгъуэщIхэм яхэмыгъуэщэн папщIэ Iэщым традзэ дамыгъэ. **3**. Зи пхьафэр щхъуафэ-фIыщIафэ жыг: псэуалъапхъэ къыхах, гъэсынпхъэ хьэлэмэти мэхъу. **4**. Гъавэр щызэпэубыда, цIыхум щахуримыкъу зэман. **5**. Нарт хъыбархэм къыззэрыхъущхьымкIэ, Iэщым я тхьэ. **7**. Дыщэр абы хуэныкъуэхъым. **13**. И ... кьикIри, щIалэм хадэр къитIащ. **14**. Пщ Iий къызыпыкIэ жыг. **16**.Ебгъэлейуэ фадэ уефэмэ, апхуэдэу уохъу. **18**. Бжэныфэм кхыхэщIыкIа къэп. **19**. ЩIыпIэ хуабэхэм хьэлъэзэхьэу къыщагъэсэбэп псэущхьэшхэр. **20**. ЩакIуэ щыIэу Андемыркъан Къэбэрдей пщышхэм мыпхэдэу ещащэ кхыхощщж хьыбарым: «Бесльэней пщапIэу ..., си шэм и кIуэкIэр уигу ирихьа?» **21**. Псы е бгы нэпкъ лъагэ. **26**. Гуэгушыхъум и бгъэм тет лы пшэрыр. **27**. Адыгэ шхыныгъуэ, нартыху е гуэдз хьэжыгъэм кхыхэщIыкIауэ. **28**. Кьуэушым и щхьэгъусэ. **29**. Адыгэ щыгъын. **30**. Духьэ куэд зыщIэ цIыху. **33**. Хьэцэпэцэм и щхьэкIэ. **35**. Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ КIэщт ... . **38**. Унагъуэм къагъэкIа кIэртIофэ бэгъуэр ... ныкъуэкIэ фIэкI яхуэщакъым. **40**. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артистка Сибэч ... .

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Шыщхьэуэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу***: **1**. Зыщ. **2**. IупщIакIэ. **3**. Мышдафэ. **4**. Хьэлвэ. **6**. Цыпэ. **8**. Арму. **9**. Шырыкъу. **13**. Бэракъ. **14**. Номин. **17**. Щыхьэт. **18**. КъыпцIэ. **19**. Тут. **20**. Бру. **26**. Лагъым. **28**. Псыкуэд. **29**. Бзэмыбу. **30**. «Лъапсэ». **31**. Чынт. **33**. Гъубжэ. **34**. Елгъэр.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
**Жыласэ Заурбэч** *(редактор нэхъыщхьэм и кIуэдзэ)*, **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и кIуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и кIуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кIуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ IапIэхэм ядолжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ IапIэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Iуэхутъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм ящэ жъуаи яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъауаугъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь секретарым и кIуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ)*, **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ)*, *Компьютерхэм я газетым и тепльэр ищIащ* **Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейр щыгъуэ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245● Заказ №1666